

KUNAMATA ZVIRI MARINGE NETETSAMENTE ITSVA

NAVA J.C. Choate

1st printing - 5,000 - **Shona** (2022)

InDesign Layout: Shane Fisher

Rakazonyorwa mururimi rwechishona na Tomson Mlawuzi

Email: tomsonmlawuzi@gmail.com

(+263) 772941890

Hatcliffe church of Christ Harare

Rakatsikiswa na:

Tawanda Godwin Marandure

(+263) 772625642

Manyame park church of Christ

Box ZG 4

Zengeza

Chitungwiza

manyamepchurchofchrist@gmail.com

godwinkuda@gmail.com

Bvumo kubva kuna

World Evangelism Publications

Winona, Mississippi

Rakadindiswa newe

World Literature Publications - Winona, Mississippi

NHANGANYAYA

MaKritsu anofanirwa kunamata Mwari. Ndovimba tose tinovirirana nazvo. Mubvunzo mukuru ungava unobvunza kuti: Munhu anganamata sei? Kupindura mubvunzo uyu zviripachena kuti tinototanga taenda kuTet-samente Itsva. Ndizvo zvatikuda kuzama kuita muchidzidzo ichi. Tikava pamwe chete, mukudzidza uku. Ndokuvimbisa kuti uchawana zvinodiwana Mwari kuti tiite mukumunamata.

Mwari akatipa shoko rake, uye mushoko rake akatiratidza zvaanoda. Ichi chinova chokadi nekuti anotiudza hurongwa Hwake kuti munhu aponeswe, inova Kereke, inova hupenyu hwemaKritsu kana kunamata kwemaKritsu. Sezvo akapa shoko iri kuna vose, shoko ireri rinoratidza zvinodikanwa nemunhu nekunavose. Sezvo Mwari achirwisana nechirwere chimwe, (chirwere chechivi), kungori nemushonga umwechete vechirwere ichi (shoko raKritsu), sezvo achiponesa vose vanotenda kushoko rake, vanotenda muKereke yake, sezvo maKritsu ese tichifanira kumunamata kuratidza kutenda kwaari. Sehurongwa Kwake anoda kuti tese timunamate zvinezira imwechete. Ndizvo Mwari anoda.

Kunofanirwa kuva nechinamato chimwe chete pasi rese, icho Ishe akataura mushoko rake. Kungava nezvimbo zhinji dzekunamatira, asi vose vanomunamata zvisineyi kuti varikunamatira kupi kana payi vanofanirwa kumunamata nenzira imwe chete. Nokumwe kutaura, kana munhu akaenda pazvimbo pekunamatira panenge pachinamatwa navanhu. Zvakare pamberi vamwe vachinamata zvakafanana nevekutanga, zvichingoenda zvichidaro munyika dzose, vanhu vachinamata zvakafanana pasi rose. Asi izvi hazvisi kuitika kumaKritsu anhasi. Vamwe vanonamata zvakasiyana nevamwe, zvichingoenda zvakadaro. Zvino ndowapi vari mugwara, uye ndovapi vakarasika? Zvakadaro ndipo patinotarisa kuti shoko ramwari rinoti kudii? Tinoziviswa chaizvo zvinoda Mwari kubudikidza nekudzokera mushoko rake. Patinenge taziva izvo zvaanoda kuti tiite ngatiitei saizvozvo. Zvakadaro vese vanonamata Mwari zvisiri maringe nebhaibheri kunyangwe vakawandisa isu tiri vashoma vanhu iwavo varevi venhema. Ndivo vamwe vatinoverenga mubhuku raM-abasa 17, apo vanhu veAthens vainamata asi vainamata vasina hanya. Zva-

kare Mwari anoti hazvibvire kuti timunamate mukunyenyerera, tichitevedzera Dzidziso nemitemo yavanhu dzavanhu. Ichi chichiva chokwadi, ndinotaura zvakare kuti kune nzira yakanaka yekunamata Mwari. Uye kune vanomunamata maringe nemifungo yemoyo yavo zvinova zvisizvo mukunamata Mwari. Chinangwa chedu muchidzidzo ichi, kudzidza nzira yakafanira kunamata nayo Mwari. Bhaibheri ndiro rega rinotidzidzisa nzirapa yekunamata Mwari pachokwadi.

J.C. Choate
Sangano raKritsu
Winona, Mississippi
Ndira 23, 1982

ZVIRIMUKATI

Chidzidzo 1: Zvinoreva Kunamata.....	5
Chidzidzo 2: Vanamati.....	9
Chidzidzo 3: Chinangwa Chechinamato Chedu	13
Chidzidzo 4: Mando Dzekunamata Nadzo.....	17
Chidzidzo 5: Kunamata KwemaKritsu Ekutanga	21
Chidzidzo 6: Zuva Rekunamata.....	25
Chidzidzo 7: Hurongw Hwekunamata.....	28
Chidzidzo 8: Kudzidzi Bhaibheri.....	32
Chidzidzo 9: Munyengetero	36
Chidzidzo 10: Kuimba	40
Chidzidzo 11: Tafura yaIshe	44
Chidzidzo 12: Kupa	48
Chidzidzo 13: Kusangana Navamwe muKereke.....	52

CHIDZIDZO 1

ZVINOREVA KUNAMATA

Inzwi rekuti kunamata sekushandiswa kwarinoitwa mubhaibheri rinoreva , kushandira, kurumbidza, uye kuremekedza. Kuti rive nechirevo, rinofanirwa kuva paine anonamatwa. Asi ngatinyatsopaongorora ipapo.

1. **Tinonamata kubudikidza nekushandira.**

Munyaya iyi inzwi rekuti kushandira rinoreva kutarisa, kushanda, kunamata. Bhaibheri rinoratidza mwana vaMwari semuranda, Ishe ari mambo vake. Pauro anozvidainza kuti muranda vamwari nguva zhinji. Anoti, “Pauro muranda vaKritsu Jesu, akadanwa kuvaApotsora, akapatsanurirwa shoko raMwari.” (VaRoma 1:1). Petro naJakobho vanotaura zvimwezo muna 2 Petro 1:1 uye Jakobho 1:1. Vaimborevei apa? Vaireva kuti vainge vakushandira Ishe, vachipa zvose kwaari. Tinofanirwa kuita saizvozvo. Pauro anokurudzira, “Sezvo takaitwa vakasununguka pazvivi, uye takava varanda vaMwari, ngativei nezvibereko zvakarurama , kuti kumagumo tigovana hupenyu husingaperi.” (VaRoma 6:22)

Kuti tione mhando yemanamatiro anodikanwa naMwari, ngationgorore ndima yeshoko raMwari inotevera: “Ndichibatira Ishe, nekuzvinipisa zvikuru, nemisodzi, nematambudziko akandiwira nerangano dzakaipa dzavaJuda.” (Mabasa 20:1). “Naizvozvo kunaka kwenyu ngakurege kuzvidzwa. Nokuti vushe hwaMwari hazvizi zvokudya kana zvokunwa, asi kururama, norugare, nomufaro muMweya Mutsvene. Nokuti unobatsira Kritsu pazvinhu izvi , unofadza Mwari, uye unotendwa navanhu. Naizvozvo ngatitsvage izvo zvinouyisa rugare nezvatingasimbisana nazvo.” (VaRoma 14:16-19). “Regai kuva neusimbe pakushingaira, pisai paMweya, batirai Ishe.” (VaRoma 12:11).

Maringe nemanamatire edu, Pauro anonyora “Naizvozvo ndinokumbira zvikuru kwamuri, hama dzangu netsitsi dzaMwari, kuti muisse miviri yenyu, chiwe chibayiro chipenyu, chitsvene chinofadza Mwari, ndiko kunamata kwenyu kwomoyo.” (VaRoma 12:1). “Muchibata nomoyo vakanaka, muchizviita sokunaShe, musingaitire vanhu.” (VaEfeso 6:7). Mwari achitaura neSangano repaThayatira, anoti: “Ndinoziva mabasa ako, norudo, nekutenda, nekushumira, nekutsungirira kwako, uye kuti mabasa ako ekupedzisira anopfura ekutanga.” (Zvakazarurwa 2:19).

Nguva zhinji tinotaura nezvekunamatirana muKereke. Izvi zvakanaka nekuti tinenge tichishandira Ishe. Nekumwe kutaura, hupenyu hwedu hunofanira kushandira Mwari, nekudaro hupenyu hwedu ndevekumunamata. Zvinobatsirei kunamata

Mwari musi vesvondo kana zuva nezuva muhupenyu hwedu, asi tichitadza kumutera nekumushandira?

2. Tinonamata Ishe kubudikidza nekumupa mbiri.

Apo Pauro naSilas vari mutirongo, zvinyorwa zvinoti, “Zvino panenge pakati pehusiku, Pauro naSilas vakanga vachinyengetera nekuimbira Mwari nziyo, vakanga vakasungwa vakavaterera.” (Mabasa 16:25). Achitaura maringe nemaropafadzo atakaropafadzwa navo, uye nebase ratinofanirwa kumuitira, Pauro anonyora, “Kuti tirumbidze kubwinya kwake, isu takatarira kare kuna Kritsu.” (vaEfeso 1:12). Tinoverenga zvakare, “Naizvozvo ngatirambe tichibaira Mwari naye chibairo chekurumbidza, ndicho chibereko chemiromo inopupura zita rake.” (vaHebheru 13:15). Petro anoti, “Kuti kuidzwa kokutenda kenyu kunokosha zvikuru kupfuura ndarama inopera hayo, kunyangwe inoidzwa nomoto, kuvanikwe kuchibereka kurumbidzwa, nikubwinya, nokukudzwa pakuoneka kaJesu Kritsu.” (1 Petro 1:7). “Hama dzangu, musareverana zvakaipa. Unorevera hama yake zvakaipa, kana kutonga hama yake, unorevera murairo zvakaipa nekutonga murairo, zvino kana uchitonga murairo, hausu muiti vemurairo, asi mutongi.” (1 Petro 4:11).

Tinofanira kurumbidza Mwari mazuva ose nekuita kwedu kwose, nezvese zvatinaita nekutaura, kunyanya patinenge taungana pamwe chete nezuva raShe kumunamata, tichizviita tine chinangwa chekurumbidza Mwari. Tinomurumbidza kubudikidza nehuvapo hwedu, nekuva nemufungu vakanaka vekuvepo, uye neizvo zvatinaita tiripo. Moyo yedu inofanirwa kuninipiswa, kubudikidza nezvidzidzo, minyengetero, nziyo, kupa, nekutora chirariro chaIshe, tinofanira kumurumbidza. Zvino tingamurumbidza sei kana tichiramba kuita izvi?

3. Tinonamata Mwari nekumukudza.

Kritsu unoti, “Kuti vose vakudze Mwanakomana sezvavanokudza Baba. Usingakudzi Mwanakomana haakudzi naBaba, vakamutuma.” (Johane 5:23). Pauro anonyora, “Zvino iye Ishe usingaperi, usingafi, usingavonekwi, Mwari oga, ngaave nekukudzwa nekubwinya nokusingaperi-peri. Amen.” (1 Timotio 1:17).

NdiMwari akatiponesa, akatiropafadza, anotipa tiri rehupenyu vakanaka ramangwana, uye ndiMwari akafanira kupihwa rukudzo.

4. Tinonamata Mwari nekumupa mbiri.

Kupa mbiri zvinoreva kusimudzira, kurumbidza, kupa rukudzo. Izvi zvichien-derana nechinangwa chedu maringe nezvinoreva kunamata. Zvakare ngatitarise zvimwe zvinyorwa zvinotaura pfunga imwechete iyi: “ Kuti mukudze Mwari Baba vaShe vedu Jesu Kritisu, nomoyo mumwe, uye nomuromo mumwe.” (VaRoma 15:6). “Nokuti makatengwa nomutengo, naizvozvo kudzai Mwari mumuviri wenyu.” (1 Va- korinte 6:20). “Asi kana munhu achitambudzika nokuda kwokuti muKritisu, ngaarege kunyadziswa, asi ngaakudze Mwari nezita iri.” (1 Petro 4:16).

Muhupenyu tinofanirwa kutarisa kunaMwari, tichimupa mbiri, tichimukudza uye kurumbidza zita rake, pane kuva nemifungo yedu yekukundikana. Tichizvienza- nisa naye hatisi chinhu. Chinangwa chedu chekuungana nomusi vezuva raShe kuti tipe mbiri nekukudza kwaari ndiko kunamata.

5. Tinonamata Mwari nekuratidza kumukoshesa.

Mwari ndiye akatisika, uye Kritisu ari muponesi. Tinofanira kumuremeked- za. Tinofanirwa kunzwa kwaari. Tinofanira kumuterera. Tinofanira kuzvininipisa pamberi pake. Tinofanirwa kuwakoshesa. Mapisarema inoti, “Wakatumira vanhu vake rudzikinuro; akaraira sungano yke nokusingaperi; Zita rake idzvene rinotyisa.” (Mapisarema 111:9). Zvakare munyori vechiHebheru anoti, “Saka zvatinopihwa hushe usingazungunuki, ngative nekuonga kuti tishumireMwari nahwo, tichimufadza nokukudza nokutya.” (vaHeberu 12:28).

Zvinoitika chete kana tichida Mwari, kuzvininipisa pamberi pake nekutenda, tiine moyo ine kutenda nehuvepo hwedu pamberi pake. Tobva tazvipa kwaari pa- chokwadi nemoyo vose, tichimunamata nekumurumbidza Ndipo patinobva tazwisisa paye Pauro anonotaura kuti “Uye zvose zvamunoita, kana zviru zveshoko kana basa, itai zvose nezita raShe Jesu, muchivonga Mwari Baba naye.” (vaKorose 3:17).

Vazhinji vanoenda kunonamata, nokuda kwechijairira kuti kunonamatwa, kana kuti vanenge vatonyengererwa noumwe vake. Vazhinji vanoenda kunonamata, asi vasinganamate zvemazvirokwazvo. Ava ndovanhu vasati vanzwisisa zvinoreva kuna- mata uye Havana chipenyu chavanovana mukunamata kwavo.

Mukurarama, kana tichinamata, ngatinamatei tichirevesa, mukutya, nemoyo unoda vakachena,tichitenda, tichienda pamberi pake kumukudza nekumurumbid- za, nhasi nekusingaperi. Kana tichimunamata mukuziva, tinofarira kumunamata nemoyo unoda, uye zvinenge zvine chiremera kunesu nekunaiwo Ishe kuti vari- kunamatwa.

MIBVUNZO

1. Ipa musoro vechidzidzo.
2. Tsanangura inzwi rekuti kunamata.
3. Kuti inzwi iri rive nechirevo, ringapihwa sei.
4. Ko inzwi rekuti kushandira rinorevei?
5. Mwana vaMwari angava sei muranda?
6. Ko Pauro, Petro naJohane vaive varanda here?
7. Ko Mwari anoda kuti timushandire nemhando ipi?
8. Ipa ndima dzebhaibheri dzinotsigira izwi?
9. Sei tichiti kuungana tichinamata ibasa rekushandira Mwari?
10. Tinganamata zvingagamuchirwa naMwari ndisingatendi here?
11. Taura dzimwe ndima dzemubhasibheri dzinotidzidzisa, kuti tinonofanira kurumbidza Mwari.
12. Tingamurumbidza sei?
13. Hazvibviri kukudza Baba tisingaremekedze Mwanakomana?
14. Sei Mwari akafanirwa kupihwa mbiri?
15. Inzwi rekuti kurumbidza rinorevei?
16. Ko chidokwa dokwa chedu muhupenyu ndechei?
17. Tsanangura chinangwa chinounganirwa nemakritsu nomusi vekutanga kwevhiki?
18. Ndiyani akatisika? Ndiani Muponeso?
19. Tingaratidza sei Mwari kuti tinomunamata?
20. Ndiyani ane zita ringakudzwa?
21. Tevedzera vaKorose 3:17.
22. Vanhu vazhinji vanonamata sei?
23. Ndedzipi nzira dzatingatevera mukunamata Mwari?

CHIDZIDZO 2

VANAMATI

Muzvisikwa zvose zvaMwari, munhu anofanira kumunamata. Mwari akasika munhu nehunyanzvi akamupa mweya nepfungwa. Zvakadaro munhu anokwanisa kuzvisarudzira kunamata Mwari akamusika, kana kusamunamata. Kana munhu akasarudza kunamata Mwari, zvoreva kuti achazokudzwavo kumusoro kunaBaba kudenga.

Munhu anofanirwa kunamata kunaMwari. Anofanira kunamata. Anofanira kunamata nekusingaperi kana nguva ichitendera. Kubva mukutanga nazvino munhu anozivikanwa nekunamata zvinhu zvinoonekwa sezvakanaka pasi pano. Izvi zvinosanganisira mwedzi, nyeredzi, matombo, nzizi nezvimwe zvakati vande. Anozivikanwa zvakare nekunamata zvinhu zvakagadzirwa namaoko avanhu, zvakaita sesimbi, miti kana simbi. Zvino kana munhu achifanira kunamata ngaanamate Mwari uyo vakamusika. Uye anoda timunamate nokuti Mwari anotsvaka vakadaro.

Jesu anodzidzisa, “Asi nguva inouya nazvino yatovapo, yokuti vanonamata muzvokwadi vachamunamata, Baba mumweya nemuzvokwadi; nokuti Baba vanotsvaka vakadaro kuzomunamata. Mwari ndiMweya vanomunamata vanofanira kumunamata muMweya nezvokwadi” (Johane 4:23-24). Zvino hazvina kuringana kuti munhu anamate bedzi, asi kana kunamata kwake kuchigamuchirwa kunofanirwa kuchingamidzwa kune akafanira uye kuchiitwa muMweya nemuzvokwadi. Ngatifunge kuti izvi zvingaitwa sei uye zvazvakakoshera.

1. Vose vangaziva chokwadi naMwari mupenyu, zvisikwa zvose zvinonongedzera kumusiki. Saka munhu vose anorarama anofanira kuziva izvi. Zvakare tinoziva kuti Mwari vezvokwadi anorarama ndiye musiki vedu (Zvakazarurwa 1:1).

2. Kana Mwari ari musiki wezvisikwa zvose, uye achiida kuti munhu amutevere, zvoreva kuti akataridza zvaanoda kuvanhu. Zvokwadi akaratidza. Akazviita kubudikidza nebhaibheri. Tinoudzwa kuti zvinhu zvakanyorwa maringe naKritsu zvakanyorwa kuti titende (Johane 20:30,31). Nokudaro, magwaro ose akafuridzirwa naMwari (2 Timotio 3:16,17).

3. Sezvo Mwari akataura, uye zvakanyorwa nekuvanikwa mundima dzebhaibheri, zvinokakosha kuti munhu azive izvi, nekutenda kwazviri. Kritsu anoraira vaapotsora kuti vaende pasi rose kundoparidzira Evangeri kuzvisikwa zvose (Marko 16:15,16). Kwete kundondoparidza bedzi asi, zvinonzi avo vose vaaiva nenzara ye-Evangeri vaigutiswa (Mateo 5:6). Zvakare zvinonzi, avo vaneshungu dzekugamuchira Ishe, anovapa simba rekuva vana vaMwari (Johane 1:12).

4. Kana munhu achinge averenga shoko raMwari, kutenda kunugadzirwa mu-

moyo make. (VaRoma 10:17). Kubva mukuziva nokutenda munhu anotungamira mukugamuchira mitemo yaMwari inomusvitsa kuruponeso. (Mabasa Avapotsora 2:38; 17:30; VaHeberu 11:6).

5. Nokuda kwokutenda, munhu anoponeswa pamwe nekuvedzerwa muSanganoraishe umo maanenge avamukritsu (Mabasa Avapotsora 2:47; 11:6).

6. Semwana vesangano uye semukritsu, unofanira kugadzirira kunamata Mwari sezvaakataura. Tinoverenga: “Tinoziva kuti Mwari haanzwi vatadzi; asi kana munhu achishumira Mwari, achiita kuda kwake anomunzwa iye” (Johane 9:31). Tarisa, pakaiswa zvinhu zviviri zvinofanirwa kuitwa kuti munhu anzwike naIshe: Chekutanga anofanirwa kunge ari munamati vaMwari, uye chechipiri, anofanira ari mutevedzeri nemuiti veshoko raIshe. Izvi ndizvo zvinoita kuti munhu ave nehukama hwakanaka naMwari, kana kuti hukama neMwanakomana Jesu Kritsu, kana kudanwa kukristu, mwana vesangano raKritsu.

7. Semukritsu nenengo yesangano raKritsu, tinofanira kunamata Mwari muMweya uye nemuzvokadi kuti kunamata kwedu kugamuchirwe. Zvichireva kuti kunamata kwedu kunofanirwa kuitwa mumufungo vakanaka. Tinofanirwa kunamata nomoyo unoda, mukuzvininipisa nekukoshesa, izvi zvinoda moyo vakachena nepfungwa dzinenge dziri panzvimbo. Munamati haafanire kungonamata kana kunda kundonamata zvisina kurongeka asingazive kuti arikuiteyi. Izvi zvingava chiseko kuna Mwari. Zvichireva kuti kunamata kwedu kunofanirwa kunge kuine kunzwisisa, nekuzvininipisa asi kuchiitwa maringe nezvinodzidziswa neshoko raMwari. Zvino mubvunzo voti Mwari anodzidzisei? Patirikuenderera mberi nezvidzidzo zvedu tichazviona zvinosanganisira Kudzidza Bhaibheri, Kunamata, Kuimba, Tafura yaIshe uye neKupa. Izvi zvinofanirwa kuitwa zuva iro Mwari akatara. Zvino zvakanaka kuziva kuti kana kunamata kwedu kusiri muMweya nemuzvokwadi tikunamatira pasina. Kunyangwe munhu akatedzera dzidziso dzaIshe, asi kana takutaura panyaya dzekunamata, kana kunamata kusingori muMweya nemuzvokwadi, hakuna maturo. Mwari akanyora mushoko rake zvaanoda vanhu vake kuti vamunamate vachiita, zvinofanira kiitwa sokudaro.

8. Munamati anofanirwa kuva panzvimbo yakafanira (mukereke yaKritsu) achiita izvo zvose Mwari akati zviitwe mukumunamata, uye nevanhu vakafanira kuti Mwari agamuchire.

Kufambirana nekuungana ndizvo zvakanyanyokosha. MuKritsu chaiye haanogonamate pese pese paaona pachinamatwa. MuKritsu chaiye haanamata musi vokutanga vevhiki bedzi. Haanamate navanhu vanonamata maringe nedzidziso dzavanhu, vanonamata vachiridza ngoma nehocho, vasingatore tafura yaIshe musivekutanga vevhiki, uye vanopa zvipo zvinosimudzira kusanamatwa kwaMwari asi

kwavanhu. Pauro anobva ati: “Regai kuyanana namabasa erima asina zvizbereko; asi zvirinani kuti mumaraire” (vaEfeso 5:11). Johane anonyora maringe nevadzidzidzisi venhema: “ Nokuti unoti kwauri, Kwaziwa! unofambidzana naye pabasa ake akaipa” (2 Johane 11).

9. Munamati pachezvake - Kunyangwe zvazvo munamati asina kururama hazvimupe bvumo yekurarama maringe nezvaanoda iye. Kana achida kunamata Mwari anofanira kuzvinzvera iye pane zvaanobata nezvaanoita (Jakobho 5:17), uye achivarira kuenda pamberi paMwari pakunamata aine hana yakachena, muviri wakachena neMweya unozvinipisa.

Urimunati akaita sei? Unonamata zvadii? Unonamata kangani? Unonamatirei? Ndiani waunonamata? Variko vanonamata vakawanda, but vanonamata muzvokwadi vashoma. Vazhinji vanonamata zvisizvo kana nenzira isiyo. Iva nechokwadi kuti pauri kunamata zvirikuenda kuna iye akafanira, uye nenzira yakafanira uye urimhandu yemunhu anodikanwa naMwari kuti amunate.

MIBVUNZO

1. Ndiani pakati pevanhu vese vakasikwa naMwari anofanira kunamata akamusika?
2. Mwari vakasika sei munhu?
3. Ndezvipi zvinokwanisa kufungwa nemunhu?
4. Ndepapi pakafanira kukudzwa Mwari?
5. Munhu chii?
6. Doma zvinhu zvainamatwa nemunhu kare?
7. Ndevapi vanotsvakwa naMwari kuti vamunate?
8. Verenga Johane 4:23,24 woitsanangura
9. Ndiani anonongedza kuna Mwari?
10. Genesis 1:1 inoti kudii?
11. Mwari vakaratidza here chido chake kumunhu?
12. Akazviita sei izvi?
13. Verenga Johane 20:30,31 naTimotio 3:16,17.
14. Sei Mwari vachida kuti munhu azive zvaanoda?
15. Zvinoita here kuti munhu azive zvinodiwa naMwari?
16. Ndiani Ishe waanogona kupa simba kuti anzi mwana waMwari?
17. Kutenda kunoratidzwa sei mumoyo memunhu?
18. Munhu anoponeswa sei?
19. Ndiani akagadzirirwa kunamata Mwari?
20. Mwari vanonzwa vatadzi here? Sei tichidaro?

21. Ndeupi hukama hunofanira kuitwa nemunhu naMwari?
22. Zvinorevei kunamata mumweya nemuzvokwadi?
23. Munhu anosvika pachiyero chipi kuti anzi anonamata Mwari?
24. Kuwadzana kwakakosherei?
25. Doma zvinhu zvechokwadi muKristu zvaanofanira kusaita.
26. Munamati anosvika sei pamberi paMwari?
27. Variko here vakawanda vanonamata muzvokawadi?

CHIDZIDZO 3

CHINANGWA CHEKUNAMATA KWEDU

Kubva pakuvambwa kwedenga nenyika munhu akanamata zvose zviri pasi pezuva, kunyangwe nairo zuva racho. Kune zvimwari zvizhinji zvinonamata munyika. Zvimwari izvi zvaivakirwa pekunamatira pakanaka nevanotenda kwazviri, asi vanhu vazhinji havana kufarira manamatiro iwayo. Sei? Zvakashatirei?

Chakaipa ndechekuti vanhu vazhinji havasati vaziva Mwari mupenyu. Kris-tu anonongedza kwaari paanoti, “Mwari Mweya: vanomunata ngavamunate muMweya nemuzvokwadi.” (Johane 4:24). Mwari ndipo paanzova chinangwa munhu chaanonamatira. Kana achinge adzidza izvi nekunamata kwaari anowana here rugare neruchengeto rwaaitsvaga kwenguva refu.

Pachidzidzo chipfupi ichi tirikuda kuona kuti Mwari ndiani uye tichifanira kumunamata.

1. Mwari ndiye Musiki wezvinhu zvose.

“Pakutanga Mwari wakasika denga nenyika.” (Genesis 1:1). Panogona kuva neku-kakavara kuti Bhaibheri rinotaura izvi, asi ndezvipi zvinoratidza izvi? Tarisa uone zvakasikwa naMwari. Nyika nezvose zviri mukati mayo zvinoshanda sechiratidzo chehuvapo hwaMwari. Chinhu hachikwanise kungovapo pasina chimwe chinhu, nekudaro pane mumwe akazvisika. Dhavidhi akati, “Kudenga-denga kunoparidzi-ra kubwinya kwaMwari; vuye denga rinoratidza basa ramavoko ake.” (Mapisarema 19:1). ndiani anogona kuramba izvi? Ndiani anozviramba?

Mwari vakasika murume nemukadzi nemufananidzo wake. “Mwari vakati, ngati-ite munhu nemufananidzo wedu, akafanana nesu; ngaave nesimba pamusoro pehove dzegungwa, nepamusoro peshiri dzedenga, nepamusoro pezvipfuyo, nepamusoro penyika yose, nepamusoro pezvipenyu zvose zvinokamabira panyika. Mwari akasi-ka munhu nemufananidzo wake, akamusika nemufananidzo waMwari; akavasika murume nemukadzi.” (Genesis 1: 26,27). “Jehovha Mwari akavumba munhu negu-ruva revhu, akafuridzira mweya wohupenyu mumhino dzake; munhu akava mweya mupenyu.” (Genesis 2:7).

2. Mwari akatuma mwanakoman wake Jesu kuti atiponese munhu kuzivi zvake.

Takatarisa kuuya kwaIshe, tinoverenga, “Nokuti Mwari wakada nyika nokuda-ro, kuti wakapa Mwanakomana wake wakaberekwa mumwe woga, kuti aninani un-otenda kwaari, arege kufa, asi ave nehupenyu husingaperi. Nokuti Mwari haana ku-tumira Mwanakoman wake panyika kuti atonge nyika, asi kuti nyika iponeswe naye.”

(Johane 3:16,17). Pauro akanyora, “Asi Mwari unoratidza rudo rwake kwatiri pakuti Kristu wakatifira, tichiri vatadzi.” (VaRoma 5:8). Uyezve anoti, “Ndizvo zvakanaka, zvinofadza pamberi paMwari, Muponesi wedu; uyo unoda kuti vanhu vose vaponeswe, vasvike pakuziva zvokwadi.” (1 Timotio 2:3,4). Pakuponeswa kwedu anonyora, “Nokuti makaponeswa nenyasha, nokutenda, izvo zvisingabvi kwamuri, asi chipo chaMwari; hazvibvi pamabasa, kuti kurege kuva nemunhu anozvikudza.” (VaEfeso 2:8,9).

3. Mwari vakatiropadza nemaropafadzo ose, panyama nepamweya.

Jakobho anonyora, “Zvipo zvose zvakanaka nezvipihwa zvose zvakanakwana zvinobva kumusoro, zvichiburuka kuna baba vezviedza, uyo usina-kupinduka kana mumvuri wokushanduka.” (Jakobho 1:17). Pauro anoti, “Ngaavongwe Mwari nababa vashe wedu Jesu Kristu, wakatiropadza nokuropafadza kwose kwoMweya, kudenga muna-Kristu.” (Ephesians 1:3).

4. Kuna Mwari mumwechete wazvokwadi uye anorarama.

Mukutaura humwechete hwaMwari, Pauro anosimbisa, “Nokuti kungori naMwari mumwe chete, nomurevereri mumwechete vo, pakati paMwari navanhu, ndiye munhu Kristu Jesu.” (1 Timotio 2:5).

5. Mwari Mweya.

Taverenga kuna Johane 4:24 patatsanagurirwa kunzi Mwari Mweya. Nekumwe kutaura, Mwari haasi nyama neropa. Haasi panyama. Haasi chinhu chinobatika. Patinodzidza zvino kuti ndiMweya tinomunzwisisa kazhinji patinofunga nezvake achirarama kune imwe nyika uye kwete pachiyero chemunhu.

6. Mwari rudo.

Johane anosimbisa kuti, “ Usingadi, haazivi Mwari, nokuti Mwari rudo. Rudo rwaMwari rwakaradidzwa kwatiri nechinhu ichi, kuti Mwari wakatuma Mwanakoman wake, wakaberekwa ari mumwe chete, munyika kuti tive nehupenyu naye. Rudo rwuri pachinhu ichi, kuti hatisu takada Mwari, asi kuti ndiye wakatida, akatuma Mwanakomana wake kuti ave rudzikinuro rwezvivi zvedu. Vadikanwa, kana Mwari wakatida saizvozvo, nesuvo tinofanira kudana.” (1 Johane 4:8-11). Anotaura zvakare kuti kana tisina rudo hatigoni kuziva Mwari nokuti Mwari wakazviratidza kubudikidza norudo.

7. Mwari arikurarama nhasi.

Petro anopupura Kristu saMwanakomana waMwari mupenyu. (Mateo 16:16). Pauro anotaura zvekereke yaMwari mupenyu. (1 Timotio 3:15). Anotaura zvakare nezveavo vakatendeuka kubva kuzviumbwa zvaitenda vachizoshandira Mwari mu-

penyu. (1 Thessaronika 1:9). Vamwe vanosimbisa Mwari vakafa, asi ndivo vakafa paMweya. Mwari anorarama. Kristu anodzidzisa, “Haazi Mwari wavakafa, asi wev-apenyu.” (Mateo 22:32).

8. NaMwari zvinhu zvose zvinaita.

Jesu paakataura kuvanhu achiti ndiani angaponeswa, iye akati, “Kuvanhu izvi hazvibviri, asi kuna Mwari zvose zvinobvira.” (Mateo 19:26).

9. Hakuna chakanaka kunze kwaMwari.

“Jesu akati kwavari, unondiidzireiko wakanaka? Hakuna wakanaka, asi mumwe chete iye Mwari.” (Mako 10:18).

10. Hakuna munhu wakaona Mwari.

Johane wakanyora, “Hakuno munhu wakatongoona Mwari; Mwari wakaberekwa mumwe oga, uri pachipfuwa chababa, ndiye wakamuzivisa isu.” (Johane 1:18).

Tinogona kuona Mwari havakudzi munhu, (Mabasa 10:34,35), anoziva mabasa ose kubva pakuvambwa kwenyika (Mabasa 15:18), achazotonga zvakavanzika zvevanhu kubudikidza naJesu Kristu (VaRoma 2:16), kuti anogona kupa hupenyu husingaperi (1 Johane 5:11), etc.

Mwari atinotaura nezvake anoziva zvose, anoona zvose, anonzwa zvose, uye ar- ipose panguva imwe chete, ane masimba ose uye haana mavambo nemagumo. Haku- na ungagona kuenzaniswa naye. Ndiye musiki wezvese. Ndiye anofanira kunamatwa, kurumbidzwa, kukudzwa, nekurumbidzwa zvino nekusingaperi.

Mwari vanoda kuti tinunamate asi haatimanikidzi kuti tiende kwaari. Avo va- nosarudza kuita izvozvo vachakomborerwa saizvoizvo.

Nokudaro, haazombogamuchiri kumwe kunamata. Kana tichizomunamata tinofani- ra kuita kuda kwake kwete kwedu. Akaratidza kunamata kunodikanwa mushoko rake uye tichazviona muzvidzidzo zvinotevera.

MIBVUNZO

1. Munhu anozivikanwa nekunamatei?
2. Tsanangura zvakashatira kunamata kunoteverwa nevazhinji.
3. Nyora Johane 4:24.
4. Ndiani angave chinagwa chekunata kwemunhu?
5. Ipa Genesis 1.1
6. Ipa zvinovonekwa zvinoratidza huvapo hwaMwari.
7. Chii chinobisa kurumbidzwa kwaMwari?
8. Mwari vakasika sei murume nemukadzi?
9. Sei Mwari vakatuma Mwanakomana wavo panyika?
10. Nyora Johane 3:16,17.
11. Ndiani akatifira?
12. Takaponeswa sei?
13. Maropafadzo edu ose anobvepi?
14. Verenga VaEfeso 1:3
15. Pauro anotaura kuti kudii pamuoro pehumwe chete hwaMwari?
16. Ungatsnagura sei Mwari?
17. Tsanangura “Mwari rudo.”
18. Mwari vanorarama here nhasi? Nenzira ipi?
19. Zvinhu zvose zvinobvira here naMwari?
20. Ndiani akanaka?
21. Pane munhu akaona Mwari here?
22. Mwari vanokudza munhu here?
23. Ndiani achatonga nyika kumagumo?
24. Taura zvimwe zvitsanangura chimiro chaMwari.
25. Ndeapi manamatiro anodiwa naMwari?

CHIDZIDZO 4

MHANDO DZEKUNAMATA

Patinovhura nhoroondo yetestamente itsva, tinoona mhando nhatu dzekunamata dzakataurwa. Muchidzidzo ichi tichatarisa mhando imwe neimwe. Tichazviitira kuti tiyeuchidzane kuti tine mhando dzinopfuura imwechete dzekunamata dzakataurwa mushoko raMwari. Saizvozvo tichaita zvidzidzo zvakasiyana siyana zvemhando dzekunamata kuti tione kuti ndeipi mhando inodikanwa naMwari kuti tivedzere. Pakupedzisira zvichatibatsira kuti tione kuti kunyangwe vanhu vachinamata, hazvirevei izvo kuti manamatiro avo ndiwo anodikanwa naMwari.

1. Shoko rinotaura zvekunamata kusingazivikanwe.

“Zvino Pauro, achakavagarira paAtente, akanzwa shungu pamoyo, achiona kuti guta rizere nezvifananidzo. Naizvozvo akataurirana musinagoge navaJuda, navainamata Mwari, napadare zuva rimwe nerimwe, navaakasongana navo. Zvino vamwe vakachenjera vavaEpikuro navaStoiko, vakaita nharo naye, vamwe vakati: ko uyu mutauri wezvisinamaturu unoda kureveiko? Vamwe zve vakati: Unenge muparidzi wevaMwari vasingazivikanwe, nokuti wakavaparidzira Jesu nokumuka kwevakafa. Ipapao vakamubata vakamuisa paAreopago, vakati: ngatinzwewo kuti kudzidzisa uku kutsva, kunotaurwa newe, ndokweiko? Nokuti unoreva zvimwe zvinoshamisa panzeve dzedu; naizvozvo tinoda kunzwa, kuti zvinhu izvi ndezveiko? (Zvino vaAtente vose, navatorwa vaigarapo, vaingofarira chinhu chimwe chete, kultura kana kunzwa chinhu chimwe chitsva.). Zvino Pauro, amire pakati paAreopago, akati: Imi varume veAtente, pazvinhu zvose ndinovona kuti munonamta zvikuru. Nokuti ndakati tichipfuura, ndichicherekedza zvamunonamata, ndakawana vo artari yakanyorwa: **KUNAMWARI VASINGAZIVIKANWI**. Zvino chamunonamata musingachizivi, ndicho chandinokuparidzirai. Mwari vakasika nyika nezvose zviri mairi, iye Tenzi wedenga napasi, haagari mutembere dzakaitwa nemavoko. Haashumirwi namavoko avanhu, saachinge achishaiwa chinhu, zvaari iye amene unopa vose hupenyu, nekufema nezvose; wakaita marudzi ose avanhu, achibva kunomumwe chete, kuti agare pose panyika; ambotara nguva dzavakatemererwa, nemiganhu yekugara kwavo; kuti vatsvake Mwari, zvimwe vamutsvangadzire, vamuwane, kunyange asiri kure nomumwe nomumwe wedu. Nokuti maari tine hupenyu, tinofamba, tiripo, sezvakareva vamwe vanyori venziyo vokwenyu vachiti: Nokuti tiri rudzi rwake vo. Zvati-ri rudzi rwaMwari, hatifaniri kuti vuMwari hwakafanana nendarama, kana siriveri, kana ibwe, zvakavezwa noumhizha kana kuchenjera kwomunhu. Naizvozvo Mwari wakarega hake kurangarira nguva dzokusaziva; asi azvino unoraira vanhu vose kwose kwose kuti vatendeuke. Nokuti wakataura zuva, raachatonga nyika naro nokururama,

nomurume waakagadza, akasimbisa shoko iro kunavose, pakumumutsa kuvakafa.” (Mabasa 17:16-31).

Zvino tinoona kuti Pauro anosangana nevanonamata zvifananidzi muAtente. Anozviramba achiratidza kuti zvinoitwa mukusaziva uye anozoenderea mberi nekuvadzidzisa zvokwadi uye naMwari mupenyu.

Sei vainamata zvifananidzo? Sei munhu achipfugamira zvifananidzo? Chifananidzo chinhu chinoubwa nematombo, miti kana simbi, asi hachina hupenyu kana mweya. Hachikwanisi kuona, kunzwa, kufema, kutaura, kufamba, kufunga kana kuropafadza. Kunyangwe chiumbwa chichimirira mumwe munhu kana chimwe chinhu, chinoonekwa “samwari”.

Asi avo vasingazivi Mwari wekudenga vachapfugamira zvifananidzo kana chimwe chagara chiriko, kana munhu mupenyu kana akafa.

Nhasi vanhu vanoramba vachinamta zvifananidzo munyika. Asi sei? Dambudziko rinoramba riri rimwe, kusaziva, zviripachena. Hakuna munhu wakachenjera kana unoziva uchanamata chifananidzo kana chiumbwa, zvisinei nekuti muKristu kana kusavaKristu.

2. Shoko rinotaura zvekunamata pasina.

Kristu wakati, “Asi vanindinamata pasina, Vachadzidzisa dzidziso iri mirairo yavanhu.” (Mateo 15:9). Anowedzera zvekare achiti, “Havasi vose vanoti kwandiri, Ishe, vachapinda muvushwe hwekudenga; asi unoita kuda kwababa vangu vari kudenga. Vazhinji vachati kwandiri nezuva iro: Ishe, Ishe, hatina kuprofitira muzita renyu here? Nekudzinga mweya yakaipa muzita renyu here? Nekuita mabasa esimba mazhinji muzita renyu here? Zvino ndichavaudza pachena: Handina kutongokuzivai; ibvai kwandiri, imi vaiti vekusarurama.” (Mateo 7:21-23).

Zvinotaurwa kazhinji kuti vanhu vaIshe vanonamata nenzira dzakasiyana, asi kana vachinamata chokwadi uye muzvokwadi, kunamata kwavo kunogamuchirika kuna Mwari. Izvi handizvo. Kunamata kwemunhu kunova pasina kana kuchitwa zviri maringe nekutenda nemitemo yevanhu. Izwi rokuti pasina rinoreva hapatorina chinhu, hazvina zvazvakanakira, hazvina zvazvinobatsira. Nekumwe kutaura kunamata uku hakugamuchiriki kuna Ishe.

Nekuda kwekuti unganano yevanhu yaungana muzita ra Kristu hazvirevi kuti kunamata kwavo kunogamuchirika. Chinhu chekutanga kana vachiungana sevamwe vemasekete, zvino havasi kuungana muzita raKristu asi muzita remasekete. Tevere semasekete kunamata kwavo kuchaitwa zvirimaringe nesekeke ravo. Ishe vanoti vanhu vazhinji vachamira pamberi pake nezuva rekutongwa uye achavarangaridza zvose zvavakaita, asi nokuda kwekuti havana kuteerera kuda kwake, uye havasi vamwe vemhuri yake, zvino achavapomera nekuvaramba.

Kana kunamata kwenyu kuri maringe nedzidziso dzavanhu, zvoreva kuti murikuita zvinhu muchinamata zvamusingazoono munyika yaMwari, saka kunamata kwenyu kuri pasina uye hakugamuchiriki kuna Ishe. Zvino yavanguva yekuzvinzvera iwe pachezvako.

3. **Shoko rinotaura zvekunamata kwechokwadi.**

Kristu anotaura zvekunamata, “Mwari ndiMweya; vanomunata, vanofanira kumunamata muMweya nemuzvokwadi.” (Johane 4:24).

Ngationgororei zvinhu zvishomashoma. Chekutanga, Mwari ndiye anova chinangwa chekunamata kwedu sezvatadzidza kubva muchidzidzo chekumashure. Chepiri avo vanomunamata vanofanira kuzviita sezvinodiwa naIshe. Hapana munhu achamanikidzwa kunamata Mwari, asi avo vanosarudza kudaro vanofanira kunamata sezvinodiwa naIshe pane kuti vanamate sezvinodiwa nevanhu. Chetatu, kunamata ngakuitwe muMweya nemuzvokwadi. Zvino izvi zvinorevei? Zvinongoreva kuti kunamata kwedu ngakuve muMweya, ndokuti nemoyo wose, nekunzwisisa pamwe nekuzvininipisa. Maringe nechokwadi, zvinoreva kuti kunamata kwedu kunofanira kuitwa zvirimaringe neshoko raMwari. Asi hazvina kureruka here? Asi kune vamwe zvakananyoreruka. Nokuti vanoda, kuita zvavanoda nezvinovafadza, nezvipiriso zvakasiyana siyana zvinofadza nyama yavo. Asi handizvo Mwari anoda. Anoda vanhu vanomunata nemoyo wose sezvaakaraira. Anochatonga vanhu maringe nezvavakabata.

Mhando iyi yekunamata yakadzidziswa mutestamente itsva, sekuenderera mberi kwatichaita nezvidzidzo, tichaona kuti maKristu ekutanga vainamata sei uye ndizvo zvatnofanira kuitawo kana tichinamata. Kana tose tichinge tadaro tichanamata tose zvakanfanana uye Ishe vachagamuchira kunamata kwedu.

MIBVUNZO

1. Imhando ngani dzekunamata dzataverenga mutestamente itsva?
2. Ipa zvikonzero sei tichiita chidzidzo ichi.
3. Ndeipi nzvimbo yakaonekwa naPauro maAtente vari?
4. Tsanangura mhando yekunamata yaiitwa nevanhu veAthens.
5. Pauro akati kudii nezvazvo?
6. Ipa zvakataurwa mumharidzo yaPauro.
7. Zvaitaurwa kunani?
8. Sei vainamata zvifananidzo?
9. Chifananidzo chinogadzirwa nei?
10. Taura zvimwe zvezvinhu zvisingakwanise kuitwa nechifananidzo.
11. Munhu angapfugamira chifananidzo here kana achiziva chokwadi naMwari mupenyu?
 12. Kune here vanonamata zvifananidzo mazuva ano?
 13. Verenga Mateo 15:9.
 14. Verenga Mateo 7:21-23.
 15. Chii chinonzi kunamata pasina?
 16. Kunamata kwemunhu kungagamuchirika here nekuda kwekuti arikunamata “muzita raKristu”?
 17. Imhando ipi yekunamata inodiwa naIshe?
 18. Ndiani anozova chinangwa chekunamata kwedu?
 19. Ishe vanomanikidza here kuti mumwe nomumwe amunamate?
 20. Kuda kwaani kuchatevedzerwa pakunamata?
 21. Tsanangura zvinoreva kunamata Mwari muMweya nemuzvokwadi.

CHIDZIDZO 5

KUNAMATA KWEMAKRISTU EKUTANGA

Zvinofadza kuona manamatiro anoita vanhu, kwavanonamatira, vanonamata zvadii, vanoitasei kana vachinamata. Kunyange tichiziva kuti kune makereke akawanda uye mazhinji ane nzira dzawo dzekunamata. Sei zvichisiyana? Panofanira here kuva nemutsauko? Tingaziva sei kuti tirikunamata Ishe zvaanoda kuti tiite? Imwe nzira yatingaona nayo kuti tirikunamata zvinodiwa naMwari kuenda mushoko toona kuti maKristu ekutanga vainamata sei.

Mushure mekunge sangano ravambwa musiwe Pasika, zvinotaurwa kunzi, “Vakatsungirira pakudzisisa kwavapostora, napakuyanana kwavo, napakumedura chingwa, napaminyengetero.” (Mabasa 2:42). Vadzidzi kana makristu aya vakatsungirira pakudzidzisa kwevaapostora. Chii chavaiita? Kunyange mabasa ose ekunamata asina kutaurwa matatu anoti. Anosanganisira kuungana kana kupa, kumedura chingwa uye minyengetero.

Tevere tinoona Pauro ari parwendo, uye achipfuura nepaTroas, akamira nguva yakareba achinamata nemakristu epo. Tinoverenga chinyorwa chinoti; “Zvino nemus iwekutanga wevhiki, takaungana kuti timedure chingwa, Pauro akataurirana navo, achida kuenda mangwana; akaramba achiparidza shoko kusvikira pakati pehusiku.” (Mabasa 20:7). tichaona zvakare kuti musi wekunamata musi wekutanga wevhiki. Zvinotsigirwa Pauro paanosvika musi eMuvhuro, asi akava nemukana ekunamata navo vhiki rose uye kupfuura nemusu weMugovera, achiitira kuti musi wekutanga wevhiki waizosvika kuti azonamata nevanhu vaSHE nemusu wakatarwa naSHE. Tevere zvinotaurwa zve kuti ndiro zuva maKristu aisangana kuti vamedure chingwa kana kutora chirairo chaShe. Pakupedzisira Pauro anoshandisa mukana kuparidza kwavari pedzezvo anoenderera mberi nerwendo.

Kuna vaKorinte 10 na 11 Pauro anonyora kuhama pamusoro pekukosha kwechirairo chaShe. Ngationei: “Nokuti ini ndakagamuchira kunaShe icho chandakakupai vo, kuti Ishe Jesu nehusiku hwaakapandukirwa, wakatora chingwa; akati avonga, akachimedura akati: ichi ndiwo muviri wangu unomedurirwa imi; itai izvi muchindirangarira. Saizvozvo vo, vakati vapedza kuraira, akatora mukombe, akati: Mukombe uyu ndiyo sungano itsva muropa rangu, itai izvi, nguva dzose kana muchinwa, muchindirangarira. Nokuti nguva dzose, kana muchidya chingwa ichi, kana kunwa mukombe uyu, munoparidza rufu rwaShe, kusvikira achiuya. Naizvozvo mumwe nemumwe unodya chingwa ichi, kana kunwa mukombe waShe, nomutovo usina kufanira, uchava nemhosva yemuviri neropa raShe. Zvino munhu ngaazviidze, kuti adye chingwa ichi achidaro, nokunwa mukombe uyu. Nokuti unodya nekunwa,

asinganatsi kunzwisisa muviri washe, unozvidyira nokunwira kurobwa. Nemhaka iyi vazhinji varipo pakati penyu vasine simba, vanorwara, vazhinji vavete.” (1 VaKorinte 11:23-30). regai tibuditse pfungwa dzabuda apa:

1. Pauro unogamuchira izvi nekuda kwaShe.
2. Anotaura zvechingwa chinomirira muviri waKristu nemukombe unomirira ropa rake.
3. Kuti zvaizotorwa vachirangarira muviri neropa raKristu.
4. Nekudaro vanenge vachiratidza rufu rwaShe kusvikira achiuya.
5. Avo vanodya nekunwa zvisina kufanira, vasina kutendeka kunaShe vachadya nekunwira kurobwa.

6. Vasati vatora vanofanira kuzvinzvera kuti vaone chiyero chavo pamweya kuti chakamira sei. Chikonzero chirichokuti kana dai vasina kugadzirira kutora chirairo chaShe, nekuda kwezvivi, vanokwanisa kugadzirisa hukama hwavo naMwari vozoenderera mberi nekumedura. Zvinogona kutaurwa kuti munhu anokwanisa kusamedura kana achirarama mararamiro asingadiwe naMwari kana kuti achirarama zvakanaka asi asingatore chirairo chaShe, nokudaro kuti munhu akwanise kumedura pamwe nevamwe anofanira kutanga asiya zvose zvaimutadzisa kuita orarama hupenyu hunodiwa naMwari.

7. Vanhu vaMwari havafanire kudya kana kutotoresa chirairo chaShe kana vasina kuzvinzvera. Mwari vanokwanisa kunzvera moyo wemoyo asi isu vana vesangano hatikwanisi. Naizvozvo hatina bvumo yekutonga munhu, asi ibasa remumwe nemumwe kuti azvitarise maringe nezvinodzidziswa nebhaibheri.

Takatarisa kuna VaKorinte vekutanga 11 Pauro anosvika pakushora matorero aita chirairo chaShe sekunge vanoda kuguta nacho izvo zvaizovashoresa. Anotaura kwavari kuti vane dzimba dzavo dzekudyira nekunwira kuti kana vachinge vauya kuzonamata hachifanire kuva chinangwa chekudya nekunwa kuti vagute manyama. Ndizvo zvakafanana nanhasi. MaKristu vanofanira kuungana vachinamata nemoyo inorevesa. Vachatora chingwa nekunwa mukombe vachirangarira muviri neropa raKristu chete pasina zvimwe.

Tikadzokera kuna VaKorinte vekutanga 16:1,2 tine munyori mumwe chete achitaura nemusoro wekupa. Anonyora, “Zvino kana zviri zvipo zvakavunganidzirwa vatsvene, sezvanadaraira Kereke dzeGaratia, itai nemivo saizvozvo. Nomusi wekutanga wevhiki, mumwe nemumwe wenyu ngaakamure zvimwe kumba kwake, avunganidze, paakawana napo, kuti zvipo zvirege kuunganidzwa, kana ndichisvika.” Zvekare anonyora, “Zvino rangarirai chinhu ichi: Unodyara zvishoma, uchachekawo zvishoma; unodyarawo zvizhinji uchachekawo zvizhinji. Mumwe nemumwe ngaaita

sezvaakafunga pamoyo; arege kuita nekuchema, kana nekurovererwa; nekuti Mwari unoda munhu unopa nemufaro.” (2 VaKorinte 9:6,7). Nekudaro vanhu vaMwari vanotarisirwa kunge vachipa. Tinodzidza zvinhu izvi:

1. Vanozviita nomusi wekutanga wevhiki.
2. MuKristu wese anofanira kupa.
3. Vanofanira kupa sezvanofanira kupa
4. Kupa kwavo kunofanira kuva maringe nekuwana kwavanoita. Hapana muTestamente Itsva pakadzidziswa chegumi uye hapana mari yakatarwa kunzi ibviswe yakawanda.
5. Vanofanira kupa sekufunga kwavo
6. Havafanire kupa zvekumanikidza kana kuita sevamanikidzwa kuita sekudaro.
7. Asi vanofanira kupa nemufaro nekuti Mwari vanoda anopa nemufaro.

Pane pakawanda patinoona pakanyorwa zvekuimba muTestamente Itsva, uye pane pamwe Pauro naSilas vakaimba vachirumbidza Mwari vari muusungwa (Mabasa 16:25), asi hapana muenzaniso unopihwa sangano raIshe richiungana musiwekutanga wevhiki vachiimba. Kunyange zvakadaro vakafemerwa kunyora shoko raMwari vanokurudzira maKristu kuimba (VaEfeso 5:19; VaKorose 3:16), uye ndiyo imwe nzira yekunamata yayitwa nemaKristu ekutanga.

Tikada kuzviisa izvi zvose pamwe chete, vanhu vaMwari vaiungana musiwoga woga wekutanga wevhiki kuzonamta, kudzidza, kuimba, kutora chirairo chaShe, uye nekupa. Hapana pamwe patinoverenga zvimwe zvinopfuura izvi. Kune mamwe mayorerwo pasi rose unguva ino anotaura zvimwe chete izvozvo. Nekuti taziva zvaiitwa nemKristu panguva iyi. Hatifaniri here kuita zvimwe chete?

MIBVUNZO

1. Masangano akawanda anonamata zvakada kufanana here?
2. Tingaziva sei kuti tirikunamata Ishe zvatino fanira kuita?
3. Chii chakaitika pakatanga sangano nemusi wePentekotse?
4. Nyora Mabasa 2:42.
5. Vadzidzi vakaenderera mberi vachidii?
6. Nzira dzekunamata dzose dzakataurwa here?
7. Sei Pauro akamira paTroas kewemazuva mashoma?
8. Mabasa 20:7 anoti kudii?
9. Nemusi upi wevhiki maKristu anofanira kuungana?
10. Taura zvimwe zvezvinhu zvavaiita.
11. Ndevapi vainzi VaKorinte?
12. Chii chakagamuchira Pauro kubva kunaShe?
13. Sei vaizitora chingwa nemukombe?
14. Izvi zvinoratidzei?
15. Munhu angatora sei zvisina kufanira?
16. Tsanangura, “Munhu ngaazvinzvere kuti adye.”
17. Munhu angadye kana kunwira kurobwa here?
18. Zvakafanira here kuti muKristu wakatendekai asatora chirairo chaShe?
19. Ko vanhu vaMwari vanokwanisa kutora chirairo chaKritsu vasina kuzvinzvera? Kana zvisizvo, vanofanira kudii?
20. Sei Pauro anoshora VaKorinte nekuda kwematorero avo echirairo chaShe?
21. Verenga VaKorinte vekutanga 16:1, 2.
22. Nderipi zuva maKristu anofanira kuunganidza?
23. Vangani vaifanira kupa?
24. Chii chavaifanira kupa?
25. Taura kuti zvingani zvavaifanira kupa.
26. Nyora VaKorinte vechipiri 9: 6, 7.
27. Ishe vanoda munhu anopa zvakaita sei?
28. Doma nzira shanu dzekunamata.

CHIDZIDZO 6

ZUVA REKUNAMATA

MuTestamente Itsva hationi kukosha kwekunamata chete, asi tinoudzwa zvekare zuva rekunamata rinotarisirwa naIshe kuti vanhu vaungane. Zuva iri nderipi?

Kune vamwe vanodzidzisa kuti zuva reSabata richirikutevedzerwa nevanhu se-zuva rekunamata. Chingava chokwadi here? Kwete kana mutemo wakabviswa tichiv-erenga kuna VaKorinte wechipiri 3; VaKorose 2:14; VaHeberu 9:16,17 naVaHeberu 10:9. Zvinonzi Pauro waisangana nemaJuda zuva reSabata. Ichi chingava chokwadi, asi hapana pazvakataurwa kana kuratidza kuti vaisangana kuzonamata. Asi waisan-gana navo kuti awane mukana wekiudzidzisa kuda kwaMwari.

Kana zuva reSabata risiri zuva rekunamata zvino zuva iri nderipi? Patinohura Testamente Itsva tine magwaro anopfuura rimwe anoratidza minduro yemubvunzo uyu. Chekutanga, tichatora muenzaniso weungano yemaKristu muTestamente Its-va avo vakaungana vachinamata toona kuti nderipi zuva ravakasarudza kuungana. Somuenzaniso, Pauro paaifamba munzvimbo yeTroas, zvinonzi wakamira imomo kwemazuva mashoma kuti awane mukana wekusangana nemaKristu emo kuti va-zonamata. Regai tinzwe mushoko kuti rinoti kudii: “Zvino nemusi wekutanga wev-hiki, takavungana kuti timedure chingwa, Pauro akataurirana navo, achida kuenda mangwana; akaramba achiparidza shoko kusvikira pakati pohusiku.” (Mabasa 20:7). Tarisa kuti muna Mabasa 20:6 inoti akagara paTroas mazuva manomwe. Zvoreva kuti aivepo nezuva reSabata kana musuweMugovera, asi shoko haritauri kuti akasangana nemaKristu musi uyu, asi nomusi wekutanga wevhiki. Saka izvi zvinoratidzei? Zvi-noratidza kuti haana kuda kunamata nomusi weSabata, asi akavapo kuti azonamata musi wakatarwa naIshe kuti tinamate unova ndiwo musi wekutanga wevhiki.

Zvakadaro musi wekutanga wevhiki ndeupi? Tiripasi pomutemo zuva reSabata izuva rechinomwe pavhiki. Zvoreva kuti kana zuva reSabata riri zuva rechinomwe pavhiki, uye tine mazuva manomwe muvhiki, saka musuweSabata uchipera kotevera zuva rekutanga revhiki, zuva rechipiri revhiki zvichienderea mberi. Mazuva ano nd-iro zuva ratinodanidza kuti Svondo uye Svondo izuva rekutanga revhiki.

Sei tichiti musi wekutanga wevhiki? Tiri pasi pomurairo waMosisi zuva rekuna-mata raiva musi weSabata kana kuti musi wekupedzisira wevhiki. Tiri pasi pomurairo waKristu zuva rokunamata iSvondo kana kuti zuva rekutanga pavhiki. Zvoreva kuti Ishe ndivo vanouya pekutanga tevere zvimwe zvese. (Mateo 6:33).

Tichienderera mberi, nagtionei kuti panzvimbo yechipiri muapostora Pau-ro anoraira hama dzepaKorinte pamusoro pezuva ravaizopa zvavaive nazvo. Nga-tiverengei: “Zvino kana zviri zvipo zvakavunganidzirwa vatsvene, sezvandakaraira

kereke dzeGaratia, itai nemivo saizvozvo. Nomusi wekutanga wevhiki, mumwe nemumwe wenyu ngaakamure zvimwe kumba kwake, avunganidze, paakawana napo, kuti zvipo zvirege kuvunganidzwa, kana ndichisvika.” (1 VaKorinte 16:1,2). Asi sei zuva iri rakasarudzwa kuti rive zuva rekupa kwavo pane zvavanowana? Nekuti ndiro raiva zuva rekunamata uye vaiva pamwe chete nekuda kwechikonzero ichocho ndiyo yaitova nguva yakakodzera kuti vape. Zvino kana chiri chokwadi kuti zuva reSabata ndiro zuva rekunamata, Pauro ungadai usina kuvabvunza zvekuungana kwavo zvekare musi unotevera kuti vazope. Nemamwewo maonero, avo vanodzidzisa kuti zuva rekunamata musi weMugovera, vanodzokera zvekare here nemusi weSvondo kuzotevedzera mutemo waMwari maererano nekupa? Kana zvisizvo, sei zvisizvo?

Toenderera mberi Johane anotaura zvemusi wekutanga wevhiki kuti izuva raShe. Anoti, “Ndakanga ndiri muMweya nezuva raShe.” (Zvakazarurwa 1:10). Ichokwadi kuti nedzimwe pfungwa zuva roga roga izuva raShe, asi Johane anotaura zvezuva iri neimwe nzira uye nemamwe maonero. Zuva raShe ririkutaurwa rinoreva zuva rekunamata kana kuti zuva rekutanga revhiki. Nekumwe kutaura izuva rekurumbidza iShe.

Asi sei zuva rekutanga revhiki rakakosha? Tisingatarise dzimwe pfungwa dzataurwa kare, zvinobvumiranwa kuti kushanduka kwemitemo uye Ishe ndiwo vanouya pamberi, kune zvimwe zvikonzero sei rakakosha.

1. **Kristu wakamutswa nemusi ekutanga wevhiki.**

Mukurangarira zuva rekumuka kwaShe, chinyorwa chinoti, “Nekupera kweSabata, kwoedza, nomusi wekutanga wevhiki, Maria Magadarene, nemumwe Maria, vakauya kuzoona bwiro.” (Mateo 28:1). chinguva chipfupi chinotevera zuva iroro, tinoverenga kuti, “Zvino avamadeko zuva iro rekutanga kwevhiki, mikova yakapfigwa pavakanga vari vadzidzi nokutya vaJuda, Jesu akauya akamira pakati pavo, akati kwavari: Rugare kamuri! (Johane 20:19).

2. **Jesu wakaonekwa pamberi pevadzidzi zvekare nemusi wekutanga wevhiki.** Hazvisi zvoga kuti Jesu akamuka kubva muguva musi wekutanga wevhiki, akazviratidza kuvadzidzi vake chinguva chipfupi zuva iroro, asi ikozvino zvinofadza kuti tione zvekare kuti wakazviratidza kwavari nemusi wekutanga wevhiki. Zvinonzi, “Zvino mazuva masere akati apfuurave, vadzidzi vakanga varimo mukati, naTomasi anavo. Jesu akavuya mikova yakapfigwa, akamira pakati pavo, akati: Rugare kamuri!” (Johane 20:26). Kana Jesu wakazviratidza kuvadzidzi vake nemusi wekutanga wevhiki, akazozviratidza zvekare mazuva masere anotevera, izuva ripi rakazviratidza rwepiri kana tichitarisa? Izuva rekutanga kwevhiki? Sei shoko raMwari richinyanyo dzokorora kazhinji? Nekuda kwekuti raizova zuva rakakosha pasi pomurairo waKristu. Ndiro raizova zuva rekunamata.

3. **Sangano rakatanga nemusi wekutanga wevhiki** (Mabasa 2).

Zuva rePentakotse raizouya mazuva gumi nemashanu Pasika yapfuura, zuva Ishe ravakamuka kubva muguva. Kana Ishe vakamutswa nemusi wekutanga wevhiki uye Pentakotse yozouya mazuva gumi nemashanu apfuura, zvino izuva ripi Pentakotse yayitwa? Izuva rekutanga revhiki. Asi chii chakanyanya kukosha pazuva rePentakotsi? Rakakosha nekuti rakavapo musi wekutanga wevhiki uye ndiro zuva sangano raShe rakatanga. Zvisizvo zvoga, asi zvinhu zvakawanda zvakaitika nezuva iri kekutanga, uye zvinhu zvese izvi zvaisimbiswa nezuva iroro. Somuenzaniso, Mweya Mutsvene wakaburuka musi uyu, mharidzo yaKristu yekutanga yakaparidzwa musi uyu, vakanzwa shoko vakatendeuka vakaponeswa musi uyu uye vakawedzerwa musangano zuva iri. Naizvozvo zuva rakaitika zvinhu izvi zvose haringa tarisirwi pasi.

Chokwadi kusvika zvino tinobvuma kuti Ishe wakasarudza zuva rekutanga revhiki kuti rive zuva vanhu vake vaungane vachinamata. Tiine muenzaniso wemaKristu ekutanga vachisangana musi uyu, uye vachikuridzirwa kupa nemusi uyu ndizvo zvinobvisa kusatenda kwose kwaimbovako. Rangarirai kuti Ishe ndivo vanouya pekutanga pakunamata kotevera zvimwe zvose. Ndicho chikonzero musi woga woga wekutanga kwevhiki maKristu anoungana kuzonamata vachimurangarira iye waka-vafira akavamukira nomusi wekutanga wevhiki.

MIBVINZO

1. Zuva rekunamata rakakosha here?
2. Ishe vakatara here zuva raanotarisisira vanhu vake kuti vanamate?
3. Zuva reSabata richiri kutevedzerwa here?
4. 2 VaKorinte 3, VaKorose 2:14, VaHeberu 9:16,17, VaHeberu 10:9 naRuka 24:44 anodzidzisa chii?
5. Sei Pauro akaungana nemaJuda nemusi weSabata?
6. Izuva ripi maKristu akaunga kunaMabasa 20:7?
7. Kana zuva reSabata ririzuva rekunamata zvino sei vadzidzi vasina kusanagana musi uyu usiri musi wekutanga wevhiki?
8. Zuva rekutanga kwevhiki nderipi?
9. Sei zuva rekutanga revhiki rakasarudzwa kuva zuva rekunamata?
10. Ipa zuva maKristu epaKorinte aiungana kuti vape sekuwana kwavo.
11. Tsanangura zvinoreva “Zuva raShe”.
12. Sei zuva rekutanga revhiki rakakosha?
13. Izuva ripi Jesu raakamuka kubva muguva?
14. Pentakotse raizouya zuva ripi?
15. Taura zvimwe zvinhu zvakaitika musi wePentakotse.

CHIDZIDZO 7

HURONGWA HWEKUNAMATA

Munyika yechitendero chanhasi mune mhando zhinji dzekunamata. maCatholic vane nzira dzavo vega dzekunamata uye masekete ane mhando zhinji dzvanotevedzera. Zvoveva kuti unogona kupedza mavhiki uchienda kunzvimbo dzakasiyana dzekunamatira tichiona zvakasiyana. Sei zvichidaro? Ndizvo here Mwari zvavanoda kuti zviite?

Bhaibheri rinodzidzisa kuti kune sangano rimwe chete rinova sangano raIshe. (VaEfeso 4:4; Mateo 16:18). Hurongwa hwesangano huwanika muTestamente Itsva. Chinova ndicho chokwadi uye ririndiro sangano raIshe rinoturirwa kuti rinamate, zvoveva kuti hurongwa humwe chete.

Kuti tione kuti Mwari anoda kuti vanhu vake vanamate sei tiondzokera kutes-tamente itsva. Hakuna imwe nzira yatingaziva nayo. Tikaita sekudaro tichaona zvi-nodikanwa naMwari kuti tiite pakunamata. Kunobuda zvinotevera:

1. Mwari ndiye akafanira kunamatwa.

Kana tichinge taedzwa naSatan, Kristu anoti, “Namata Ishe, Mwari wako, umushumire iye woga.” (Mateo 4:10).

2. Zuva rekunamata izuva rekutanga revhiki.

Vadzidzi vaiudzwa kunzi vasangane musi wekutanga wevhiki kuti vazounganidza: “Nomusi wekutanga wevhiki, mumwe nemumwe wenyu ngaakamure zvimwe kumba kwake, avunganidze, paakawana napo, kuti zvipo zvirege kuunganidzwa, kana ndi-chisvika.” (1 VaKorinte 16:2).

3. MaKristu anofanira kunamata Ishe.

Tine mienzaniso weizvi: “Vakatsungirira pakudzidzisa kwavapostora, napakuy-anana kwavo, napakumedura chingwa, napaminyengerero.” (Mabasa 2:42). “Zvino nemusi wekutanga wevhiki, takavungana kuti timedure chingwa, Pauro akataurirana navo, achida kuenda mangwana; akaramba achiramba achiparidza shoko kusvikira pakati pohusiku.” (Mabasa 20:7).

4. Tinoudzwa kuti tinofanira kunamata sei.

Kristu anoti, “Asi nguva inouya, nazvino yatovapo, yekuti vanonamata nezvokwadi vachanamata Baba mumweya nezvokwadi, nekuti Baba vanotsvaka vakadaro kuzo-munamata. Mwari ndiMweya; vanomunamata, vanofanira kumunamata muMweya nezvokwadi.” (Johane 4: 23, 24).

5. Nzira shanu dzekunamata nadzo dzakabuditswa pachena.

Zvinosanganisira zvidzidzo zvebhaibheri (2 Timotio 2:15), Munyengetero (Mabasa 2:42), Kuimba (VaEfeso 5:19), Tafura yaIshe (Mateo 26:26-28), uye Kupa (2 VaKo-

rinte 9:6,7). Ndidzo dzega nzira dzekunamata dzatinoverenga mutestamente itsva. Saka tinofanira kuita sezvadinotaura.

6. **Tinoudzwa kuti tinofanira kuva takatendeka kana tichiungana pakunamata.** Munyori wavaHeberu anoti, “Tisarega kuungana kwedu, sezvinoita vamwe, asi tirairane; zvikuru zvamunoono kuti zuva raswedera.” (VaHeberu 10:25).

7. **Nzira yekunamata yakareruka uye iripachena.** Hazvina kuoma kumunhu wese kuti azviite. Asi munhu wese anokurudzirwa kunge achidziita.

8. **Zvose zvinoitwa pakunamata zvirimaringe nedzidziso dzeshoko raIshe.**

Kana munhu achitaura, ngaataure seanenge arimashoko aMwari. (1 Petro 4:11). Hakuna chinotwa chisina kutaurwa naIshe.

Sangano raKristu rinosiyana nemamwe pakuti rinotevedzera testamente itsva pahurongwa hwekunamata. Naizvozvo hatina zvime zvinoitwa nemamwe mapoka. Somuenzaniso, hatina zvinotevera:

1. Hatiridzi pakuimba. Testamente Itsva inodzidzisa pachena kuti tichaimba nziyo kuna Mwari. Pauro anoti, “Mutaurirane pakati penyuru namapisarema, nenziyo, nezviimbo zveMweya, muimbire, muridzire Ishe mumoyo yenyu.” (VaEfeso 5:19). Tichataura zvizhinji pamusoro peizvi muchidzidzo chinotevera chekuimba.

2. Hatina tafura inodyiha munhu asina kuzvinzvera, uye asiri mukritsu. Pauro anonyora kunaVaKorinte, “Zvino munhu ngaazviidze, kuti adye chingwa ichi achidaro, nokunwa mukombe uyu.” (1 VaKorinte 11:28).

3. Hatibvise chegumi. Zvekare, Pauro anonyora kuvaKorinte kuti vanofanira kupa sekuwana kwavanoita. (1 VaKorinte 16:2).

4. Hatina zvatinounganidza mumazuva asiri zuva raShe. Mamwe mapoka anounganidza nguva dzose pavanoungana kunyange usiri musi wekutanga wevhiki. Asi maKristu anokurudzirwa kupa nomusi wekutanga wevhiki. (1 VaKorinte 16:2).

5. Hatina mapoka anongomirira kuimba chete pakunamata. Shoko rinodzidzisa kuti muKristu woga woga anofanira kuimba uye tine kuimba kwesangano chete. Pauro anoti, “Zvino chinyiko? Ndichanyengetera nomweya wangu, vuye ndichanyengetera nekufunga kwangu wo; ndichaimba nomweya wangu, uye ndichaimba nekufunga kwangu.” (1 VaKorinte 14:15).

6. Hatina mazuva akakosha akatarwa ekunamata seEaster, Kisimusi, nemamwe anokosheswa navanhu. Pauro anoraira hama dzepaGaratia, “Munochengeta misi nemwedzi, nenguva nemakore. Ndinotyapa pamusoro penyuru, kuti zvimwe ndakabate basa pasina.” (VaGaratia 4:10,11).

7. Hatitori tafura yaIshe kamwe pamwedzi, pamwedzi mitatu yoga yoga kana kamwe pagore. Tinotora tafura musi weSvondo kana musi wekutanga wevhiki voga

voga. Tinoverenga panoitwa izvi nemaKristu ekutanga. (Mabasa 20:7). Nderipi zuva rekutanga revhiki? Ndiani akapihwa bvumo yekutaura kuti nderipi? Kune zuva reku-tanga pavhiki roga roga uye ndipo patichafanira kuungana kuti timedure. Tinosanga-na kuti titore chirairo chaShe pose patinosangana tichipa, tichidzidza bhaibheri.

8. Hatiite zvinhu zvisina kunzi naMwari tiite, mukunamata Mwari kwedu, zvakafanana netsika dzavanhu. Petro anoti, “muchiziva kuti hamuna kudzikinur-wa nezvinovora, nesiriveri kana ndarama, pamufambire wenyu usina maturo, wa-makasiirwa nemadzibaba enyu.” (1 Petro 1:18). Pauro anowedzera, “Chenjerai, kuti murege kutapwa nemunhu novuchenjeri, nokunyengera kusina maturo, achitevera tsika dzevanhu nezvokuvamba zvenyika, asingateveri Kristu.” (Va Korose 2:8).

9. Hatitevedzeri dzidziso nemitemo yavanhu. Muapostora anonyora, “Zvino kana makafa pamwe chete naKristu kune zvekuvamba zvenyika, munozviisirei pasi pomurairo, somugere munyika, mirairo inoti: Usabata, usaravira, usagunzva, (izvi zvose zvinofanira kuparadzwa kana zvobatwa nazvo); muchitevera mirairo nedzidzi-so dzavanhu?” (VaKorose 2:20-22).

10. Hatitevedzere mitemo yetestamente yekare pakunamata kwedu. Vazhinji zvoenda kumutemo nekuda kwezvinhu izvi sabata, chegumi, kuridza vachiimba, asi uku kusanzwisisa kwemamwe magwaro. Mutemo hauchatevedzerwe. (2 VaKorinte 3; VaHeberu 10: 9; Johane 1:17).

Naizvozvo tinotevedzera testamente itsva pane zvose tisingawedzere, kutapud-za kana substituiton. (Zvakazarurwa 22:18, 19; VaGaratia 1: 7-9). zvinobatsira kuti munhu wese agadzirirwe mabasa ose akanaka. (2 Timotio 3:16,17). Zvinhu zvose zviriri maringe nehupenyu uye humwari zvirimo. (2 Petro 1:3).

Kana vanhu vose vakadzokera pahurongwa hwekunamata, nezvimwe zvose zvinhu zvinotaurwa, nezvinoitwa muzita rezvitendero, tinogona kubatana. Chokwa-di Ishe havana kuraira kuti tinamate nenzira imwe chete kana iwe neimwe yacho. Asi anoda kuti tose tinamate zvakafanana. Tose tichanamata zvakafanana kana tikatev-edzera hurongwa hwekunamata hwakapihwa.

MIBVUNZO

1. Sei kuine nzira dzakasiyana dzekunamata?
2. Tine masangano mangani atinoverenga nezvawo mubhaibheri?
3. Sangano nderani?
4. Tinoona kupi hurongwa hwesangano?
5. Ndezvipi zvingava hurongwa hwekunamata?
6. Ndiani anofanira kunamatwa?
7. Ipa zuva rekunamata.
8. Taura anofanira kunamata Ishe?
9. Tinganamata sei?
10. Doma nzira shanu dzekunamata?
11. Sei tisingaridzi pakuimba mukunamata kwedu?
12. Chii chinonzi closed communion?
13. Kangani patinofanira kupa zvipo?
14. Chii chakaipira kuva nemapoka anomirira kuimbira vanhu pakunamata.
15. Sei tisina mazuva akakosha akaita seKisimusi neEaster ?
16. Kangani maKristu anofanira kutora chirairo chaShe?
17. Ndedzipi dzidziso nemitemo yevanhu?
18. Vanhu vaIshe vanotevedzera here Testamente yeKare semutemo?
19. Testamente Itsva inoshandiswa sei?
20. Zvakafanira kuva nekubatana muchitendero. Sei?

CHIDZIDZO 8

KUDZIDZA BHAIBHERI

Kudzidza bhaibheri ndeimwe nzira yakataurwa muTestamente Itsva. Irimo kwete nekuda kwekuti yakarairwa kunzi iitwe asi tine mienzaniso maKristu ekutanga aiungana kuzodzidza zvirimaringe nekunamata kwavo.

Chidzidzo chebhaibheri chinokwanisa kutungamirirwa chero nguva, nemunhu mumwe chete kana wakawanda, asi ikozvino tiri kutarisa chidzidzo chebhaibheri takangana nekuitwa kwacho nemusi wekutanga wevhiki semwe nzira yekunamata mukereke. Nekudaro Ishe vanotaura nesu kubudikidza neshoko.

Nzira iyi inokwanisa kuitwa kubudikidza nekuverenga pamwe nekudzidza magwaro kana kunzwa mumwe achiparidza kubva mushoko raMwari. Kuna Mabasa 20:7 tina Pauro achiparidza kuhama dzepaTroas vakaungana kuti vanamate. Kuna Mabasa 17:10-12, tinoverenga, “Pakarepo hama dzikatuma Pauro naSilas kuBerea vusiku. Ivo vakati vachisvikapo, vakapinda misinagoge ravaJuda. Ava vakanga vakanka kukunda veTesaronika, vakagamuchira shoko nemoyo wose, vachinzvera magwaro zuva rimwe nerimwe, kana zvinhu izvozvo zviriri izvo. Naizvozvo vazhinji vavo vakatenda, navakadzi vaikudzwa vavaGiriki, navarume vazhinji.” Kristu anodzidzisa, “Munonzvera magwaro, nokuti munoti hupenyu husingaperi munahwo maari, ndiwo anondipupurira ini.” (Johane 5:39).

Pauro anoraira muparidzi wechidiki Timotio, “Shingaira kuti uzviratidze pamberi paMwari uri munhu wakatendeka, mubati usingafanire hake kunyadziswa, unonatsa kururamisa shoko razvokwadi.” (2 Timotio 2: 15). Kristu anoti, “Vakaropafadzwa vane nzara nenyota yokururama, nokuti vachagutiswa kwazvo.” (Mateo 5:6). Anoti zvekare, “Munhu haangarami nechingwa bedzi, asi nemashoko ose anobuda mumuromo waMwari.” (Mateo 4:4).

Zvakakosha kuti tidzidze asi kudzidza zvinhu kwazvo. Zvimwe chete zvinoshanda mukuparidzwa kana kudzidziswa kwatinonzwa. Muapostora Pauro anoti, “Naizvozvo kutenda kunouya nekunzwa, nokunzwa kunouya neshoko raKristu.” (Varoma 10:17). Zvoveva kuti kana tikanzwa nhema tichatenda nhema, kunyanya kana tisina kuita tsvagurudzo nezvazvo. Asi kana tikanzwa chokwadi tichatenda chokwadi.

Mwari vanotaura nesu nhasi kubudikidza nemwanakomana Jesu Kristu. (VaHeberu 1:1,2). mugomo iro Jesu anoshanduka, Mwari pachavo vanotaura zvaJesu, “Uyu mwanakoman wangu unodikanwa, wandinofarira, mumunzwei.” (Mateo 17:5). Kristu, nekudaro anotaura zveshoko raMwari. “Jesu akapindura, akati kwavari: Kana munhu achindida, uchachengeta shoko rangu, nababa vangu vachamuda, tichauya kwaari, tikaita hugaro hwedu maari. Usingandidi, haachengeti mashoko angu, shoko ramunonz-

wa, harizi rangu, asi nderababa vakandituma.” (Johane 14:23,24). Nekudaro shoko iri rakanyorwa: “Zvimwe zviratidzo zvizhinji pamberi pevadzidzi vake, zvisina kunyorwa mubhuku iyi, asi izvi zvakanyorwa, kuti mutende kuti Jesu ndiye Kristu, mwanakomana waMwari; uye kuit, muchitenda, muve nehupenyu muzita rake.” (Johane 20: 30,31). Pamusoro pezvo magwaro ose akafuridzirwa naMwari uye anogadzirira munhu mabasa ose akanaka, zvive mutemo wakasununguka. (2 Timotio 3:16,17; Jakobho 1:25).

Taona zviripamusoro kuti ichokwadi, tine zvikonzero zvakawanda sei tichiungana zuva raShe tichidzidza shoko raMwari:

1. Tinofanira kuzviita nekuti ishoko raMwari. (VaHeberu 13:7; 1 Petro 1:23; VaEfeso 6:17). Zvinofadza sei kuti Ishe havana kutisiya murima asi wakaradidza kuda kwake kwatiri.

2. Tinofanira kuziva kuda kwaMwari zvakazara. (Mabasa 13:7). Naizvozvo zvirikwatiri kuti tidzidze tigoziva. Mwari wakatipa pfungwa dzinoziva uye tinokwanisa kuverenga nekudzidza kuti tizive kuda kwaIshe.

3. Tinofanira kuti tidzidze asi tisinganyengerwi. (VaEfeso 4:14; VaEfeso 5:6; Jakobho 1:22). Kune zvizhinji zvakadzidziswa muzita rechiKristu. Tinoziva sei kuti ichokwadi kana kwete? Nekuenzanisa zvatadzidza neshoko raMwari. Johane anoraira kuti tinofanira kunzvera mweya kana vanoparidza kuti ndeva Mwari here kana kwete. (1 Johane 4:1). Hazvikwanisike kuti munhu anyengerwe kana achiita tsvagurudzo dzeshoko raMwari.

4. Tinofanira kudzidza kuti tizive kuda kwaMwari kusvika pachiyero chekudzidzisa vamwe. Pauro anoti, “Uzvichengete iwe nedzidziso yako. Urambire pazvinhu izvi, nokuti kana uchiita izvozvi, uchazviponesa iwe navanokunzwa.” (1 Timotio 4:16). tichitarisa maKristu ekutanga zvakanyorwa zvichinzi, “Zvino avo vakaparidzirwa, vakapotenika vachiparidza shoko.” (Mabasa 8:4).

Tichienderea mberi nechidzidzo, ndoda kuti tidzokere kuna 2 Timotio 2:15 Pauro paanotaura kuti tinofanira kudzidza kuti tinyatsoruramisa shoko razvokwadi. Naizvozvo muzvidzidzo zvedu tinofanira kuita saizvozvo. Ndipo patinoona kuti bhairi rakapatsanurwa kuva testamente yekare netestamente itsva. Tichadzidzazve kuti testamente yekare ine madzibaba nemitemo yaMosesi, asi zvose izvi hazvichatvedzerwi, uye testamente itsva yakatakura mitemo yaKristu. Neimwe nzira tinogona kutsanangura tichiti testamente yekare inotaura nezvevanhu vakanga varipo Kristu asati afa. Ndipo patinoona kuti imwe yavayekare imwe yava itsva. Asi timbora papi? Kana tichirarama kurudivi rwemuchinjiko tinorarama pasi pomurairo waKristu sezvakanyorwa mutestamente itsva. (VaHeberu 9: 16,17; VaHeberu 10:9).

Asi mubvunzo unouya kana tichitenda kuTestamente Yekare kuti ndiro shoko raMwari. Mhinduro inongova kuti ichokwadi. Naizvozvo, zvauri mutemo hauchat-

evedzerwi nesu kana nani zvake. Asi kunyange zvakadaro sei tichidzidza testamente yekare? Tine zvikonzero zvakasiyana siyana:

1. Kuti tidzidze kusikwa nekuvambwa kwezvinhu.
2. Kuti tidzidze ngano yemunhu uye kuti Mwari wakafamba naye sei.
3. Nekuti Pauro anoti zvakanyorwa somuenzaniso kwatiri. (1 Korinte 10:6).

Kunge zvakadaro mune mienzaniso yakawanda.

4. Mune zvizhinji zvirizvechokwadi kana nanhasi sekupihwa kwazvakaitwa nguva iyoyo, asi hazvina chekuita nemitemo.

5. Kuti tione kuti tirikurarama pasi pemutemo urinani uye une tariro yakakura.

Kuti tibatsirike kudzidza shoko raMwari zvakanaka, uye kuti tiruramise shoko, izvi ndizvo zvingatibatsira pazvidzidzo zvedu zvebhaibheri:

1. Verenga gwaro nguva dzakati wandei.
2. Verenga nhorondo yese.
3. Ndiani ari kutaura?
4. Ndiani waarikutaurira?
5. Zvakataurwa riinhi?
6. Zvakaraira kana kuti zvakataurwa?
7. Zvakarairwa kunzi zviitwe here?
8. Zvine maringe nekuponeswa kwedu here?

Izvi zvimwe zvinokubtsira muzvidzidzo zvako zvebhaibheri: kunyorwa kwem-abhaibheri zvakasiyana siyana, bhuku rinobatsira kuona zvinoreva mazwi akashandiswa mubhaibheri, mabhuku anotsigira bhaibheri. Pamusoro pazvose, verenga udzidze bhaibheri pachezvaro uchinyengetera. Vanhu vazhinji vanoziva bhaibheri asi vanoziva zvisihoma zviri mukati maro.

Kana iwe neni tichinge taita zvinoda Ishe, tikaungana vevatendi musiweku-tanga wevhiki kuti tidzidze, tichawana ruzivo rwebhaibheri rachatibatsira kukura se-maKristu. Kana tose tikadaro sangano rinosimba uye tinogona kubatsirana nehama dzedu pakutenda kuti shoko raMwari ndiro rinotipones uye nekutibatanidza.

MIBVUNZO

1. Ndiani anogona kuitisa zvidzidzo zvebhaibheri?
2. Tinganzwa sei shoko raMwari?
3. Sei maBerea akanga akanaka kupfuura vaTesaronika?
4. Kristu vanoti kudii kunaJohane 5:39?
5. Nyora 2 Timotio 2:15.
6. Ndiani ainzi naKristu acharopafadzwa nekugutiswa?
7. Munhu anorarama nechingwa bedzi here?
8. Kutenda kunouya nei?
9. Chii chinoitika tikatenda nhema?
10. Inzira ipi Mwari yavanotaura nesu
11. Sei kudzidzisa kwaKristu kwakanyorwa pasi?
12. Verenga 2 Timotio 3:16,17 na Jakobho 1:25.
13. Ipa zvimwe zvikonzero zvinoita kuti tiungane tichidzidza.
14. Zvinorevei kuti kunatsa kururamisa shoko?
15. Doma mitemo mitatu yakanyora mubhaibheri.
16. Tinorarama pasi pemutemo upi?
17. Testamente Yakare ine shoko raMwari here?
18. Sei tichifanira kudzidza testamente yekare?
19. Ipa zvinotevedzerwa pakuita zvidzidzo zvebhaibheri.
20. Ndezvipi zvimwe zvingashandiswa pazvidzidzo zvebhaibheri?
21. Ruzivo rwebhaibheri runotibatsirei?

CHIDZIDZO 9

MUNYENGETERO

Imwe nzira inoitwa neTestamente Itsva pakunamata munyengetero. Paiungana maKristu ekutanga ndicho chimwe chinhu chavaiita. Sangano richibva kutangwa chinyorwa chinoti, “Vakatsungirira pakudzidzisa kwavapostori, napakuyanana kwavo, napakumedura chingwa, napaminyengetero.” (Mabasa 2:42). Tarisa, “nemuminyetero”, zvichiratidza kusimbiswa kwenzira iyi pakunamata.

Izwi rokuti munyengetero rinoreva kukurukura, kureverera, kukumbira, kana kutaura kuna Ishe. Haingori nzira yekunamata kwedu bedzi asiwo chimwe chinhu chinofanira kurarama mazuva ose ehupenyu hwedu. Pauro anonyora, “munyengetere nguva dzose nokunyengetera kwose nokukumbira muMweya, muchirinda pazvinhu izvi nokutsunga kwose, nokukumbirira vatsvene vose.” (VaEfeso 6:18). Zvekare anoti, “Rambai muchinyengetera.” (1 Tesaronika 5:17). Zvongoreva kuti munhu anofanira kuva nemweya wekunamata nguva dzose.

Sezvo tirikuona chidzidzo ichi chakatikoshera, regai tione zvinotevera:

1. **Munyengetero wakagadzirirwa maKristu kana vana vaMwari.**

Izvi hazvirevi kuti vasiri maKristu havagone kunamata, havafanire kunamata, asi magwaro anotsanangura pachena kuti munyengetero chipo uye ropafadzo remaKristu. Tinoverenga, “Tinoziva kuti Mwari haanzwi vatadzi, asi kana munhu achishumira Mwari, achiita kuda kwake, unomunzwa iye.” Tarisa zvataurwa zvinoita kuti munyengetero wemunhu unzwikwe naIshe-anofanira kuva ari munhu anonamata Mwari uye achiita zvinodiwa naIshe. Ndiani uyu? Hapana mumwe asi muKristu. Zvisinei, mutadzi anonamtirei? Haagoni here kunamatira kuti Ishe angaregerere zvivi zvake nekuti Kristu wakati mumwe anofanira kutenda obhabhatidzwa kuti aponeswe. (Marko 16:16). Haagoni here kunamatira kutenda nekuti magwaro akapihwa kuti abuditse izvozvo pachena. (Johane 20:30,31; Varoma 10:17). Haangoni here kunamatira zvimwe zvinhu semutadzi.

Tikadzokera kuTestamente Itsva tinoverenga magwaro akawanda anotaura zvemunyengetero, ndipo patinoona kuti ose anonyorerwa kumuKristu. muKristu Mwana vaMwari kubudikidza nekuteerera, (VaGaratia 3:26, 27), uye ane bvumo yekutaura naMwari sababa vake. (Varoma 8:15). kana munhu wese achikwanisa kutaura nababa nemunyengetero kusanganisira mutadzi nemutsvene, saka zvino ndeupi mukana wakanaka une muKristu pane mutadzi? Saka tinogona kuona zvakanakira munyengetero kumuKristu uye zviru maropafadzo omweya ekuva muKristu. (Vaefeso 1:3).

Tine pakawanda nhasi mutadzi paanonyengeterera kuregererwa zvivi kuti ave

muKristu. Kunyangwe hazvo zvisina pazvakanyora mushoko raMwari asi iri dzidziso yevanhu.

2. Minyengetero yedu inoiswa kuna Mwari kubudikidza naJesu Kristu.

Mwari ndibaba uye ndiye mupi wemaropafadzo ose. Zvakanaka kuti tidane kwaari kutsvaga rubatsiro, kunyange kumutenda nemaropafadzo atakapihwa kare. Kunyange zvakadaro hatigoni kuenda pamaberi paMwari kana tatadza. Nekumwe kutaura, hazvirevi kuti tinofanira kutarisa vame vanhu, tisingatarisi chimiro chake muupenyu, kana kunamatira isu. Nekudaro, Jesu ndiye muyanani, murevereri, mumiririri wedu kana tichida kuenda pamaberi pechigaro chenyasha. Inzwa kushoko raMwari, “Vana vangu vaduku, ndinokunyorera zvinhu izvi, kuti, murege kutadza. Kana munhu achitadza, tine murevereri kuna baba, iye Jesu Kristu wakarurama; ndiye mudzikinuri wezvivi zvedu bedzi, asi wezvivi zvenyika yose vo.” (1 Johane 2:1,2). Zvekare, “Nokuti kunongova naMwari mumwe chete, noMurevereri mumwe chetevo, pakati paMwari navanhu, ndiye munhu Kristu Jesu.” (1 Timotio 2:5). Nekudaro tinofanira kunyengetera nguva dzose muzita kana musimba raJesu Kristu. (Mateo 28:18).

3. Tinofanira kunyengetera muMweya nemuzvokwadi.

Muchidzidzo chapfuura taona kuti Ishe vakati tinofanira kunamata Mwari muMweya nemuzvokwadi. (Johane 4:24). Munyengetero zvauri imwe nzira yekunamata, uye chimwe chinhu chinofanira kuitwa mazuva ose ehupenyu hwemunhu, naizvozvo minyengetero yedu inofanira kuva iri mumweya nemuzvokwadi. Pauro anonyora kuvaKorinte, “Nokuti kana ndichinyengetera nerumwe rurimi, mweya wangu unonyengetera, asi kufunga kwangu kunoshaiwa zvibereko. Zvino chinyiko? Ndichanyengetera nomweya wangu, uye ndichanyengetera nokufunga kwangu vo, ndichaimba nomweya wangu, vuye ndichaimba nokufunga kwangu wo. (1 vaKorinte 14:14,15). Zvoreva kuti, minyetero yedu inofanira kuva nekufunga, kuti pfungwa dzedu dzizendamire pane zvatiri kutaura, uye kuti tive nekuzvinipisa nekuzvidurura kwauri. Uyezve minyengetero yedu inofanira kukudza magwaro. Zvoreva kuti hatisi kufanira kukumbira Ishe kuti vaite zvisindadiwe nokuda kwavo. Kristu vanotaura pane imwe ungangano, vamwe vadzidzi vake vabvunza mubvunzo nhando, “Asi Jesu wakapindura wakati: Hamuzivi zvamunokumbira. mungagona kunwira pamukombe pandinonwira ini here? Vakati: tingagona.” (Mateo 20:22). Anoti zvekare, “Usaidza Ishe, Mwari wako.” (Mateo 4:7).

Ndicho chimwe chikonzero sei tisingashandise “munamato waShe” (Mateo 6:9-13). zvinenge zvisina kukudza Mwari kana tichinamatira kuuya kwehumambo ihwo humambo hwacho hwakauya kare. (VaHeberu 12:28).

4. Zviri muminyengetero yedu zvirimo kare mumagwaro.

Tinofanira kunyengetera minyengero yekutenda. “Musafunga pamusoro pechinhu chimwe; asi pazvinhu zvose, mikumbiro yenyu ngaiziviswe Mwari nokunyengetera nekukumbira, pamwe chete nokuvonga.” (Va Firipi 4:6).

Tinofanira kunamata nguva dzokushaiwa. “Naizvozvo Petro akachengetwa mutorongo, asi wakanga achinyengeterwa zvikuru nekereke kuna Mwari.” (Mabasa 12:5).

Tinofanira kunamatira vatungamiri venyika. (Varoma 13).

Tinofanira kunyengetererana. “Naizvozvo revuriranai zvivi zvenyu, munyengetererane kuti muporeswe. Kukumbira kwomunhu wakarurama kune simba guru pakubata kwako.” (Jakobho 5:16).

Tinofanira kunyengeterera vanorwara. “Kunomumwe anorwara pakati penyuhere? Ngaadane vakuru vekereke; ngavamunyengeterere, vamuzodze namafuta nezita raJesusu. Kunyengetera kwokutenda kuchaponesa unorwara, Ishe uchamumutsa; kana akaita zvivi, uchazvikakanirwa.” (Jakobho 5:14,15).

Tinogona kudoma mavhesi emagwaro akawanda anotaura zvakasiyana siyana zvinonyengetrerwa vevahu. Zvimwe zvinosanganisira sangano, mhuri dzedu, vakerasika, nezvimwe zvakadaro.

5. Magwaro anotiapa chenjedzo pamunyengetero.

Kristu anoti, “Kana muchinyengetera, musava savanyengeri, nokuti vanofarira kunyengetera vamire muasinagoge napamharadzano dzenzira dzomumusha, kuti vavonekwe navanhu. Zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Wapiwa mubairo wavo. Asi iwe, kana uchinyengetera, pinda muimba yako yomukati; kana wazarira mukova wako, unyengetere kuna baba vako vari pakavanda; zvino baba vako vanoona pakawanda; vachakupa mubairo. Pakunyengetera kwenyu, musapamhidza zvisinamaturu savahedeni; nokuti ivo vanofunga kuti vachanzwika nokutaura kwavo kuzhinji. Naizvozvo musafanana navo; nokuti baba venyu vanoziva zvamunoshaiwa, musati makumbira kwavari.” (Mateo 6:5-8). Zvekare anorira, “Nokuti kana muchikanwira vanhu kudarika kwavo, baba venyu varikudenga vachakukanganwiraiwo. Asi kana musin-gakanganwiri vanhu kudarika kwavo, baba venyu havakukanganwiriyo vo kudarika kwenyu.” (Mateo 6:14,15).

Mukupedzisira munyengetero chidzidzo chakakura kunyange ndichichitora senzira yokunamata kana chinhu chinorarama muhupenyu hwemunhu mazuva ose. Asi semaKristu tine rombo rakanaka rekudana kunaMwari pane zvatinoda zvose. Kwete nekuti ndozvatinofanira kuita asi kuti ndozvinotarisirwa naMwari. Ndizvo hazvo tichitarisa kunamata., maKristu haagoni kugara kudzimba dzavo vachinyengetera, asi vanogona kugara kumba vachipa mari dzavo kana kutora chirairo chaShe. maKristu

vanoungana kuzonamata vanonyengetera kudzimba dzavo. Asi vanhu vasingaungane kuzonamata havanyengetere kudzimba. Kunyange vakadaro vanoita pasina kusvika vadzidza kutendeka kunaShe.

Nyengetera nokutenda-kumbira uchapihawa. Munyengetero une simba.

MIBVUNZO

1. Tsanangura izwi rokuti munyengetero.
2. Unoita basa rei muhupenyu hwedu?
3. Tinonyengetera kangani?
4. Munyengetero wakagadzirirwa ani?
5. Verenga utsanangure Johane 9:31.
6. Mutadzi anonyengetererei?
7. MuKristu ndiani?
8. Ndiani anosvitsa minyengetero kuna Mwari?
9. Mutadzi angaponeswe here kubudikidza nemunyengetero?
10. Tinonamata kuna Mwari kubudikidza nani?
11. Jesu akava ani kwatiri?
12. Tsanangura zvinoreva kunamata mumweya nemuzvokwadi.
13. Zvakakodzera here kuti tiidze Mwari nemunyengetero?
14. Chii chinonzi munyengetero waShe?
15. Sei tisingashandisi munyengetero uyu?
16. Doma zvimwe zvinhu zvatinyengeterera.
17. Ndevapi vatinogona kunyengeterera?
18. Ipa dzimwe yambiro dzatinopihwa paminyengetero.
19. MaKristu angagara here kudzimba vachinyengetera ivo vachifanira kuungana?
20. Tinonamata sei?

CHIDZIDZO 10

KUIMBA

Chitenderero chemaKristu chitenderero chinoimba. Kuimba imwe nzira yokunamata yakataurwa mutestamente itsva. Muchidzidzo chipfupi ichi, tinoda kuti tinyatsoongorora nzira iyi yokunamata.

Chekutanga, tinoda kutarisa ndima dzakasiyana dzri mumagwaro dzinotaura pamusoro pekuimba:

1. “Zvino vakati vaimba rwiyo, vakabuda vakaenda kugomo reMiorivi. (Mateo 26:30).

2. “Zvino panenge pakati pohusiku, Pauro naSilas vakanga vachinyengetera nokuimbira Mwari nziyo, vakanga vakasungwa vakavaterera.” (Mabasa 16:25).

3. “.....ndichaimba nemweya wangu, uye ndichaimba nokufunga kwangu wo.” (1 VaKorinte 14:15).

4. “Vuye, kuti vahedeni Mwari nekuda kwengoni dzake; sezvakanyorwa zvichinzi: Naizvozvo ndichakurumbidzai pakati pavahedeni, Nokukuimbirai zita renyu.” (Varoma 15:9).

5. “Mutaurirane pakati penyuru namapisarema, nenziyo, nezviimbo zvoMweya, muimbire, muridzire Ishe mumoyo yenyu.” (VaEfeso 5:19).

6. “Shoko raKristu ngarigare mukati menyuru riwande; nokuchenjera kwose mudzidzisane, nokurairana namapisarema, nanziyo, nezviimbo zvomweya, muimbire Mwari nenyasha mumoyo menyuru.” (VaKorose 3:16).

7. “Zvaanoti: Ndichaparidza hama dzangu zita renyu, ndichakuimbirai pakati pakereke.” (VaHeberu 2:12).

8. “Konomumwe unotambudzika pakati penyuru here? Ngaanyengetere. Kunomwe unofara here? Ngaiimbe nziyo.” (Jakobho 5:13).

9. “Vakaimba nziyo rutsva pamberi pechigaro cheuShe,” (Zvakazarurwa 14:3).

10. “Vakaimba rerwiyo rutsva,” (Zvakazarurwa 5:9).

11. “Vakanga vachiimba rwiyo rwaMosesi, muranda waMwari, norwiyo rweGwayana.....” (Zvakazarurwa 15:3).

Zvino muTestamente Itsva ndidzo ndima dzinotaura pamusoro pekuimba. Zvinobva zvabuda pachena kuti ndizvo zvinodiwa naIshe pamusoro pekuimba. Zvingawedzerwe kana kutapudzwa hakuchazi kutevedzera kuda kwake.

Kune vanhu vazhinji vezvitendero zvakawanda vanoimba asi vanimba pamwe nokuridza. Naizvozvo zvitendero zvizhinji vanoimba pamwe nekuridza. Asi kunyange tichibvimirana kuti testamente itsva inodzidzisa kimba pakunamata kwedu, asi vose

havagoni kubvumirana kuridza kuti kunofanira kuvapo parusando rwekunamata. Asi bhaibheri rinoti kudii? Rinodzidzisa here kuimba chete kana kuimba tichiridza pakunamata. Zvakafanira here kunamata tisingaridzi pakuimba? Zvakafanira here kunamata tichiridza pakuimba? Zvakafanira here kuita zvose? Regai tione.

Ticahona kuti kune mhando mbiri dzokuimba dzinoti: kuimba tichishandisa mazwi edu chete kwoita kuimba nemazwi edu zvakabatana nekuridza. Mhando yekutanga imhando mhenyu inobva kuzvisikwa zvaMwari. Naizvozvo zvinotaurwa kuimba kwakanaka pasi rose kunobva kumaungira anobva mumazwi emunhu. Kuimba tichiridza kwakasiyana nekwabva kutaurwa. Uku kuridza tichishandisa zviridzwa zvakagadzirwa nemunhu. Zvakatonhora, hazvina hupenyu, hazvina mweya uye hazvina hanya. Chikonzero nei ichibuditsa maungira ndechekuti mumwe anoridza zvichienderana nemhando yechiridzwa chacho. Mwari haana kusika zvakadaro asi zvakaitwa nemunhu. Saka ndezvipi zvinodiwa naMwari? Munyori waHeberu anoti, “Naizvozvo ngatirambe tichibaira Mwari naye chibairo chekumurumbidza, ndicho chibereko chemiromo inopupura zita rake.” (VaHeberu 13:15).

Vatungamiri vechitendero, havana kumiririra kuimba tichiridza pakunamata, asi kuimba sezvinodzidzisa bhaibheri. Regai tione zvimwe zvavanotaura:

1. John Wesley: “Handirambi kushandisa zviridzwa pakuimba, asi kana zvisingazwikwi kana kuonekwa.” (Clark’s Commentary, Vol. IV. p. 686).

2. John Calvin: “Kuimba tichiridza tichipembera kurumbidwa kwaMwari, zvinenge zvisina kufanira pane kupisa zvipiriso, kubatidzwa kwemwenje, kudzoserwa kwemumvuri wemutemo. Zvino, mubhabhatidzi, wakakwereta izvi, nezvimwe zvakawanda, kubva kumaJuda.” (John Calvin’s Commentary. Thirty-third Psaim).

3. Martin Luther: Anotumidza kuti, “mucherechedzo wekunatwa kwezvifananidzo.” (McClintock and Strong’s Encyclopedia, Music, Vol. VI, p. 762).

4. Adam Clarke: “kuimba tichiridza kufunga kana ruzivo rwevanhu, zvandinoremekedza kana kuyemura: asi zviridzwa muimba yaMwari tinozvishora uye hazvitenderwi. Ndiko koshonongorwa kwenziyo, ini ndiripano, ndicharwira huipi uhu, mukunamatwa kwaMwari muridzi vekereke.” (Clark Commentary, Vol. IV, p.686).

Kune vadzidzi vakawanda veBhaibheri vakataura zvakangofanana pamusoro pekuramba zviridzwa pakuimba pakunamata kwedu. Asi zvakatangira kupi? Kubva kuCatholic uye nemamwe masekete aibva muCatholic akaunza zviridzwa pakuimba kwavo.

Masekete mazhinji anoedza kutsanangura kuimba vachiridza vachiti:

1. Vanoti Dhavidhi wakazvishandisa. Chinogona kuva chokwadi ngatirangari-rei kuti Dhavidhi wakararama pasi pomutemo mumwe isu tikaarama pasi poumwe. Hatigoni kuita zvakaitwa naDhavidhi nokuti wakazviita. Kana zvakadaro tinofanira

kudzokera Jerusalema kamwe pagore kunopa zvipiriso, nezvimwe. Rangarira kuti vaya vkadzokera kuna Dhavidhiu nekuda kwekuridza vakadzokera nekuda kwaizvozvo, kuda pamwe nezvimwe asi havana kuda zvose zvaitwa naDhavidhi. Asi verenga Johane 1:17; 2 VaKorinte 3; VaHeberu 10:9, etc.

2. Vanoti hazvitauro kunzi hatifaniri kuva tisina. Asi haritauri hatifaniri kuva nezvakanwanda pakunamata. Rinotaura zvatino fanira kuva nazvo, uye rinotaura kuimba. (VaEfeso 5:19). ndozvinobvisa zvimwe.

3. Vanoti hapana chakaipa pazviri. Hazvina kuipa kuridza tiri kumba, kumichato, kana kumafaro, etc asi pakunamata zvakatosiyana. Zvakaipa kuzviwedzera pakuimba ivo Ishe vasina kuzvitauro. (Zvakazurwa 22:18,19).

4. Vanoti zvibatsira pakunamata kwedu. Zvino sei Ishe vasina kuzvitauro? Asi zvinotaurwa kunzi hazvibatisri asi zvinongova imwe nzira yekunamata pavanozvis-handisa. Izvi hakusi kuchengeta magwaro.

5. Vanoti kuchava nekuimba vachiridza kudenga. Magwaro haatauri zvekuridza kudenga. Kunyage dai zviriko, hazvisimbisi kushandiswa kwazvo. Kune zvinhu zvakawanda kudenga zvatino gona kuva tisina pakunamata kwedu zvino.

6. Vanoti vanozvifarira. Zvakanaka, ndinoda keke nedhiringi, zvoreva here kuti ndinozvida pakunamata? Mubvunzo hauzi, tinozvida here, asi Ishe vanozvida here?

Saka kana tichiungana nezuya raIshe kuzonamata tirikurumbidza Mwari kubudikidza nekuimba. Izvi zvinoitwa mumweya nemuzvokwadi. Naizvozvo tinofanira kuimba nekufunga uye nekuzvidurura kose. Tinofanira zvekare kuimba zvienderana nemagwaro, zvoreva kuimba tichirumbidza Ishe kubudikidza nemazwi anobuda mumiro yedu. Kwete izvozvo bedzi, asi dzimbo dzinofanira kuva dzemweya dzinotsigirwa negwaro.

Bhaibheri rinodzidzisa kuimba pasangano. Ndokuti, tose tichiisa mazwi edu pakuimba mapisarema, nziyo, nenziyo dzemweya. Kubudikidza nekuimba uku tinorumbidza Mwari, kudzidzisa, uye kusimudzirana kutendeka kuna Ishe. Zvakanaka sei kuimba dzimbo, zvisina ruzha kana kukanganiswa nekuridza, asi tiine kukudza, runyararo nekudurura mweya yedu kusimudzira mazwi edu kurumbidza Mwari vekudenga. Ndezvipi zvinonyatsoita? Ndezvipi zvinokurudzira? Nizvo zvinodiwa naMwari.

MIBVUNZO

1. Chii chinonzi chitendero chemaKristu?
2. Verenga dzimwe ndima kubva kuTestamente Itsva dzinodzidzisa kuimba.
3. Ndima idzi dzinodzidzisa here kuridza pakuimba?
4. Ipa mhando mbiri dzekuimba.
5. Chii chinonzi kuimba nemiromo yedu?
6. Tsanangura zvinoreva kuimba tichiridza.
7. Mwari vanoda kuti tivarumbidze sei?
8. Ipa mazita evamwe vatungamiri vakashoora kuridza pakunamata.
9. Kuridza pakuimba zvakatangira kupi?
10. Ndezvipi zvikonzero zvinopihwa kutsugira kushandiswa kwezviridza pakunamata?
11. Sei tisingakwanisi kudzokera kunaDhavidhi pakuridza tichinamata?
12. Chii chinobvisa kuridza pakunamata?
13. Tinokwanisa kuridza here kana tiri kudzimba dzedu?
14. Izvi zvinosimbisa kuridza pakunamata here?
15. Verenga Zvakazarurwa 22:18, 19.
16. Kudenga kunoridzwa here?
17. Ishe vanotsigira here zvinounzwa pakunamata nekuda kwekuti tinozvifarira?
18. Mwari vanoimba kuimba kwakadini?
19. Tsanangura kuimba pasangano.
20. Ipa zvikonzero sei tichiimba.

CHIDZIDZO 11

TAFURA YASHE

Imwe nzira yekunamata kwedu kutora tafura yaShe. Kristu aiziva kuti munhu anokanganwa. Naizvozvo, aida kusiya chimwe chinhu chaizoita kuti arangarirwe. Kurangarirwa uku ndiko kurikunzi tafura yaShe.

Tisati taenda kure, regai tione kuti yakaita kunzi ivepo sei. Ngativhure tose kuna Mateo 26:26-28: “Vakati vodya, Jesu akatora chingwa, akachirofafadza, akachimedura, ndokupa vadzidzi vake, achiti kwavari: Torai, mudye, ichi ndiwo muviri wangu. Akatora mukombe, akavonga, akavapa, achiti: Inwai mose pauri. Nokuti ichi iropa rangu resungano itsva, rakadururirwa vazhinji kuti vakanganirwe zvivi.” Cherechedza kuti zvaiva nyore sei. Kristu anobuditsa kuti chingwa chaizomirira muviri wake uyezve chaitorwa kurangarira muviri wake. Anozoti zvekare mukombe kana muto wemuzambiringa, waimirira ropa rake uye waitorwa kurangarira ropa rake. Nekumwe kutaura, Kristu haana kuda kuti vadzidzi vake vakanganwe kufirwa kwavaizotwa pamuchinjiko, nekudaro mukutora chingwa neropa nezuva raShe roga roga tichirangarira muviri neropa rake zvinoramba zviri mupfungwa dzavo.

Tikadzokera kuna 1 VaKorinte 11:20-29, Pauro anonyora kuhama achiti, “Zvino kana muchiungana pamwe chete, hakuzi kuti mudye chirairo chaShe; nokuti kana modya, mumwe nomumwe unotangira vamwe chirairo chake; mumwe une nzara, mumwe unobatwa. Ko hamune dzimba kwamunodyira nokunwira here? Munozvidza kereke yaMwari, muchinyadzisa avo vasine chinhu here? Ndichaiteiko kwamuri? Ndingakurumbidzai here? Handingakurumbidzii. Nokuti ini ndakagamuchira kunaShe icho chandakakupayo, kuti Ishe Jesu nehusiku hwaakapandukirwa, wakatora chingwa; akati avonga, akachimedura akati: Ichi ndiwo muviri wangu unomedurirwa imi; itai izvi muchindirangarira. Saizvozvowo, wakati wapedza kuraira, akatora mukombe, akati: Mukombe uyu ndiyo sungano itsva muropa rangu; itai izvi, nguva dzose kana muchinwa, muchindirangarira. Nokuti nguva dzose, kana muchidya chingwa ichi, kana kuna mukombe uyu, munoparidza rufu rwaShe, kusvikira achiuya. Naizvozvo mumwe nomumwe unodya chingwa ichi, kana kunwa mukombe waShe, nomutovo usina kufanira, uchava nemhosva nemuviri neropa raShe. Zvino munhu ngaazviidze, kuti adye chingwa ichi achidaro, nokunwa mukombe uyu. Nokuti unodya nokunwa, asinganatsi kunzwisisa muviri waShe, unodyira nokunwira kurobwa.” Zvino pakutanga Pauro anotsiura hama dzepaKorinte nekuda kwematorero avaiita tafura yaShe. Kunze kwekuti vatore sezvakafanirwa kunzi vaite naIshe, vanotoro sevari pamutambo wekugutisa kana kudhakwa. Izvi hazvifanira kudaro. Asi anovaraidza chinangwa chekutora tafura yaShe uye matorerowo ayo. Pauro aovayeuchidza mapuhwiwo aakai-

ta ruzivo urwu kubva kunaShe uye anoenderera mberi nokupa zvinotevera:

1. Ishe vanopa tafura iyi husiku hwaakapandukirwa.
 2. Anobuditsa pachena kuti chingwa chaizovarangaridza muviri waShe wavai-zomedurirwa.
 3. Akatorawo mukombe akanwa achivaratidza kuti vaizatora sei vachirangarira ropa rake.
 4. Pose painotorwa inoratidza rufu rwaShe kusvikira achiuya.
 5. Avo vanotora nemotovo usina kufanira vanenge vane mhosva yemuviri neropa rake.
 6. Mumwe nemumwe anofanira kuzvinzvera asati atora.
 7. Avo vanodya nekunwa nemutovo usina kufanira vanotadzira mweya yavo.
- Naizvozvo idzi ndzidzo pfungwa dzaanobuditsa naizvozvo tinofanira kuzvidzidza zvakanaka.

Patinoenderera mberi tichidzidza, tine zvinhu zvakatiwandei zvatoda kuona:

1. Ishe havasi kudzidzisa kuti mukombe mumwe chete ndiwo unofanira kushandiswa. Dzimwe nguva vazhinji vanoti mukombe mumwe chete ndiwo unoshandiswa patafura yaShe, naizvozvo vamwe vanozoguma voshandisa mukombe mumwe chete. Naizvozvo kunyange tikatorera mumukombe mumwe chete kana yakawanda hazvina musiyano wakanyanya chero vanhu vangatora vachirangarira ropa raKristu. Neimwe nguva mumwe wakashanyira sangano raitenda kushandisa mukombe mumwe chete, naizvozvo painosvika nepaari akanwa waini yose yakanga irimo. Vakazviona kuti anwa yose, zvino mamwe maKristu aizodini? Anovarangaridza zvakataurwa naIshe, “Inwai yose.” Izvi zvinoratidza kuti munhu anogona kuvhiringika nekuda kwemukombe. Kunyange pasina pazvakanyorwa kushandisa mukombe mumwe chete, asi nekuda kwehutano, nedzimwe wo pfungwa nezvimwe zvikonzero, zvirinani kushandisa mumwe nemumwe mukombe wake.

2. Zvisinei nekurangarira muviri neropa raKristu pakutora tafura yaShe, murangaridzo kune uyo kana avo vanotenda kuti Ishe vachadzoka zve rwepiri. Dai zvisizvo vaisatora.

3. Kutora tafura yaShe inguva mumwe nemumwe anowana mukana hwekutarisa hupenyu hwake musvondo rapfuura, kana mavhiki akawanda kumashure kuti awone kuti akanga asina kutendeka here kumashure kwose paaipinda, uye kuzvinzvera kuti awoine chiyero chake chepamweya. Asi kana akaona kuti akatendeka sezvinodiwa naIshe, zviripachena kuti anofanira kuenderera mberi nekutora tafura yaShe. Asi akaona kuti ane zvivi muupenyu hwake anofanira kutanga atendeuka kuzvivi zvake, ogadzirisa pakatadzwa, kana zvararo anokwanisa kutora tafura yaShe.

4. Kana munhu akatadza kuzvinzvera oenderera mberi nekutora tafura zvisinei

nemutowo wake usina kufanira, kunze kwekuti adye nekunwira hupenyu husingaperi, anodyira nekunwira kurobwa. Kunyange zvakadaro hakuna mutsvene tose tinotadza. Asi Ishe vanoziva kuti tose hatina kururama, asi tikavavarira pane zvatinogona, nekuda kwaizvozvo tinogona kutora. Asi kana munhu akatadza nekuda, nekushaya hanya, uyu haana kufanira kutora tafura yaShe. Anenge asina kurasika kana achitora asi anenge achizvinyengera nekunyengera vamwe kuti vafunge kuti zvimwe haatadzi. Asi Mwari vanoziva, anofanira kugadzirisa hupenyu hwake, kuti atore zvirimaerera-no nemagwaro uye zviripamweya.

5. We are not to have closed communion, asi hatibvumidzi vose asi vashoma kuti vatore. Magwaro anoti tinofanira kuzvinzvera. Munhu asiro mwana wesangano anogona kutora here, orega kufara; asi akaziva chokwadi anozoterera Mwari. Asi kana tikamurambidza kutora anoramba kuterera Mwari.

Tichipedzisa, tinoverenga Mabasa 20:7 maKristu ekutanga vachitora chingwa nemusi wekutanga wevhiki. Naizvozvo, tinofanira kuita zvimwe chetezvo. Asi ndeupi musiki wekutanga wevhiki? Zuva rekutanga roga roga revhiki. Ndiani akakupa simba iwe kana mumewo zvake kutara zuva iri romusi wekutanga wevhiki kuti rive zuva raShe, ratinotora tafura yaShe? Naizvozvo ngatirege zvakadaro sekusiiwa kwazvakaitwa naMwari, vanhu vake vachiungana nemusi wekutanga wevhiki kuzonamata nekusanganisira tafura yashe.

MIBVUNZO

1. Ndiani akatanga tafura yaShe?
2. Verenga Mateo 26:26-28.
3. Sei tichidya chingwa?
4. Muto wemuzambiringa unomirirei?
5. Kangani vadzidzi pavaitora?
6. Verenga 1 VaKorinte 11:20-29.
7. VaKorinte vaiita sei netafura yashe?
8. Pauro akazvigadzirisa sei?
9. Pauro akagamuchira kupi ruzivo rwetafura yaShe?
10. Tsanangura kuti rufu rwaShe runoratidzwa sei kusvika achiuya patinotora tafura yaShe.
11. Chii chinoitika kana vakatora nemutovo usina kufanira?
12. Magwaro anodzidzisa here zvekushandisa mukombe mumwe chete?
13. Rusimbiso ruripakukura kwemukombe here kana kuti zvirimukati mayo?
14. Tafura yaShe inoratidza sei kuuya kwaKristu rwechipiri?
15. Tsanangura kuti tafura yaShe inova chikomborero chemumwe nemumwe sei patinotora.
16. Ishe vanotarisira here kuti munhu ave mutsvene paanotora?
17. Kana munhu achitadza nekuziva anofanira kutora here?
18. Tinogona kuudza munhu here kuti haakwanise kutora tafura yaShe?
19. Izuva ripi maKristu anofanira kusangana vachitora tafura yaShe?
20. Ishe wakapa here bvumo kune mumwe munhu kuti atare zuva remusi wekutanga wevhiki kudya tafura yaShe?

CHIDZIDZO 12

KUPA

Pakupedzisira, tasvika panzira yekupedzisira iri muTestamente Itsva yekunamata inova yekupa. Kana bhaibheri richidzidzisa zvimwe, izvi ndizvo zvimwe zvacho. Asi vamwe vanovarairwa pachidzidzo ichi. Naizvozvo, tinoda kuona kuti magwaro anoti kudii nezvazvo. Tichatanga nekuona magwaro anonyanyotaura nezvekupa.

Verengai neni pana 1 VaKorinte 16:1,2: “Zvino, kana zviri zvipo zvakaunganoidzirwa vatsvene, sezvandakaraira kereke dzeGaratia, itai nemivo saizvozvo. Nomusi wekutanga wevhiki, mumwe nomumwe wenyu ngaakamure zvimwe kumba kwake, avunganidze, paakawana napo, kuti zvipo zvirege kuunganidzwa, kana ndichisvika.”

Tisati taenda kure, ngationgororei ndima iyi kuti tione pfungwa dziri kutaaurwa:

1. Kupa uku kwaizoitwa nemusi wekutanga wevhiki. Sei? Zvariri zuva maKristu anosanganga kuzonamata, ndiyo nguva yakasarudzwa kuti vanhu vazope. Asi komamwe mazuva? Hapana zvakataurwa pamusoro pemamwe mazuva. Takatarisa chinyorwa ichi, zviripachena kuti kupa kunoitwa musi wekutanga wevhiki. Asi zvimwe zvitendero zvinounganidza kakaanda uye pose pavanosangana kunyange vakasangana mazuva ose. Kunyange zvakadaro, takatarisa nzira iyi, inofanira kuitwa panguva yakataurwa kana tichitevedzera magwaro. Naizvozvo, masangano aKristu anoungana musi wekutanga woga woga wevhiki unova ndiwo musi vavanofanira kupa.

2. MaKristu ose vaitarisirwa kupa. Izvi zvaitarisirwa kana vachinge vawana vhiki rose rapfuura. Mwari havatarisire kuti vanhu vape kana vasina kuwana chinhu. Asi anotarisira kuti vape kana vachikwanisa uye kuramba kupa chivi.

3. Vaifanira kuunganidza sekuwana kwavo. Panguva iyi vaigona kuwana muriwo, mhuka kana zvimwe zvavaigona kuwana. Zvaigona kuva mari. Mazuva ano tinowanzopa mari nekuti vazhinji vanozvichinja kuita mari uye vamwe vanoshandira mari pa vhiki rose. Asi zvinoenderana nenzvimbo, nevanhu uye nemamiriro ezvinhu, kuti zvipo zvacho zvinogona kupihwa zviri mari kana chinhu chinobatika.

4. Vaipa sekuwana kwavanenge vaita. Ndokuti vaipa sekuwana kwavanenge vaita panenge vashanda. Asi zvingani zvavaipa? Izvi zvaienderana nemunhu ichi ichokwadi kunyange nhasi. Testamente Itsva haidzidzisi chegumi kana kuti tinofanira kupa chidimbu. Asi tinogona kupa zvinogona kupfuura chegumi sekurarama katinointa tisiri pasi pemutemo wemaJuda wekupa chegumi. Asi kana tiine mutemo urinani, chisimbiso chirinani uye netariro irinani, sei tisingapi zvakawanda? Ndakaona kuno kuAsia kuti vanhu vose vanopa asi vanopa zvishoma, asi takazvitarisa munhu wese anofanira kupa kudarika zvavanoita. Ndakaona kuti vanhu veAsia vane mari yekunda kumitambo, yefodya, nezvimwe wo. Ndakaona kuti vanhu ava vanhu venyika,

kana vaine mari yezvinhu izvi, unoitei nemari yako. Unogona kunge uchiishandisa kune zvimwe zvakafanana nezvataurwa kana zvimwe zvinhu. Kana kuno tinogona kuita saizvozvo kana zvakapfuura izvi. Ishe vakati tinofanira kupa sekuwana kwatinoita. Unoziva kuwana kwako uye unoziva zvaufanira kupa. Kazhinji tinofanira kupa mari dzepepa pane dzesimbi. Nedzimwe nguva vamwe vanogona kupa zvakati wande pane zvamunofunga. Handikwanisi kukuudzai zvekupa kana imi kuudza ini asi Ishe vanoziva zvatnofanira kupa, ska inguva yatinofanira kutanga kupa zvakawanda. Unobvumirana nazvo here?

5. Vaifanira kuramba vachipa kuti pasazova neimwe ungoro kana achiuya. Nekumwe kutaura kana vaizotevedzera zvaaitaura, zvinhu zvose zvainge zvaunganidzwa iye aizozviendesa kune waitambura. Izvo zvakafanana kunyange nanhasi. Dai taipa sezvinotarisirwa naShe taisashaya mari dzekuendesa basa raMwari kumberi. Asi munyika yezvitenderero, masangano akawanda haasi kutevedzera dzidziso iyi, asi varikutokumbira mari. Kunze kwekuti vape, vanokimbira rubatsiro. Vamwe vavo vaotengesha mabhuku. Vamwe vane zvimashopu. Asi Mwari anoraira vanhu vake kuti vape kuti zvido zvesangano zvizadziswe. Ndiyo nzira Mwari yaanoita nayo zvinhu asi hazvisi kuitwa sezvaanoda.

Regai tienderere mberi tione dzimwe ndima dzinotaura nezvekupa. Zvinowanikwa kuna 2 VaKorinte 9:6,7: “Zvino rangarirai chinhu ichi: Unodzvara zvishoma, uchachekawo zvishoma, unodzvara zvizhinji; uchachekawo zvizhinji. Mumwe nemumwe ngaaite sezvaakafunga pamoyo; arege kuita nekuchema, kana nekurovererwa; nokuti Mwari unoda munhu unopa nemufaro.” Zvino ongorora pfungwa dzinotevera:

1. Anotaura kuti uchakohwa zvinoenderea nezvawakadyara. Kudyara zvishoma unokohwawo zvishoma. Asi kana kudyara zvakawanda kunokohwawo zvakawanda. Ndizvo zvimwe chete pakurima, mumabhizimisi, uye mune dzimwe nzira dzekurarama. Zvimwe chetewo mubasa raMwari. Tikazviisa mariri zvakanyanya, tinobuda mariri nekukasika. Chikonzero nei vanhu vazhinji vasingawane chinhu kubva kwariri ndechekuti havana chavakaisa kwariri. Haukwanisi kuramba uchitora mukereke iwe usina chaurikuipa. ndinotyia kuti vamwe vedu havatende Mwari, zvakakwana zvekusvika pakutora izwi rake. Tinofanirwa kumuzama. Tikadaro ndinokutenda kuti, unozona kuti, ichokwadi, apo tinopa, ndipo patinopihwavo.

2. Anoti munhu nemunhu anofanirwa kupa sekuronga kwaakaita pamoyo. Tisati tauya kuzonamata tinofanirwa kuti taronga kare kuti tirikundopei. Ndizvo zvikutaurwa.usamirire kuti itange yakwana nguva yokupa vozotanga kutsvaka kana kufunga kuti ungaisei muniro yekupa. Unofanirwa kugara vaziva zvaurikuda kupa zvichienderana nezvaunogona kupa, vobva vapa.

3. Anoti munhu haafanire kupa mukumanikidzwa. Kana ukapa usingadi kupa, iwe vange vakachengetera zvipo zvako zvimwe zvinhu, zvino kupa kwako kunenge kuri kupa pasina, kana uchinge usina kupa nomoyo vose nokuti Mwari anoda kupa kwakarongeka kunemufaro.

4. Anoti munhu haafanirwe kuzviisa munguva yekunge amanikidzwa kupa. Mwari haamanikidze munhu kupa. Kwete.

5. Asi anoti Mwari anoda munhu anopa nomufaro. Anoda kuti iwe upe zvaka-dii? Anoda kuti upe nomufaro nokuti unoda kupa, uye kuti unofara nokupa. Ndiyo mando yokupa yatinofanirwa kuita mazuva ose.

Zvino mukuvhara, ngatirangarirei kuti Kritisu mbune anoti:” Kupa kunomufaro chaiwo kupfuura kugamuchira” (Mabasa Avapotsora 20:35). Ndinovhunduka kuti vazhinji vedu takapindura chinyorwa ichi, kuti chiverenge chichiti, “Kugamuchira kunomufaro chaiwo kukunda kupa.” Nei? Nokuti vazhinji vedu, vaneruchiva, kunyima, kuzvida, zvakadaro tirikubira Mwari zvinhu zvake. Mwari ngaatibatsire kuti timuke tikwanise kudzosera izvo zvake zvatiinazvo, izvo zvagara zviri zvake. Hatikwanise kuva maKritisu Mwari anoda, kusvika taziva kudzosera zvatineropafadzwa nazvo kuimba yaMwari zviri maringre neshoko rake.

MUBVUNZO

1. Bhaibheri rinodzidzisa kupa here?
2. Vanhu vazhinji vanopa sezvavanofanira kuita here?
3. Verenga 1 vaKorinte 16:1,2.
4. Ipa zuva iro maKritsu anoungana, kunamata nekupa.
5. Ko mwamwe mazuva?
6. Mamwe masekete anotora sei zvipo?
7. MaKritsu ese anotarisirwa kupa here?
8. Ko kana vamwe vasingakwanise kupa?
9. Mwari anotarisira kuti vanhu vake vape here kunyangwe vasina kuropafadzwa pakati pesvondo?
10. Anotarisira kuti vape here kana vachinge varopafadzwa pakati pesvondo?
11. Vanofanirwa kupa chii?
12. Vanofanirwa kupa zvakawanda sei?
13. Ko Tetsamente Itsva inodzidzisa chegumi here?
14. Sei tichipa kudarika chegumi?
15. Vanhu vane mari inovakwanira here kuzvinhu zvavanoita?
16. Sei tisina zvizhinji zvekupa Mwari?
17. Tsanangura sei maKritsu achifanira kupa?
18. Masangano mazhinji anokotsera sei mari dzekusadzisa zvinodiva pasanganono?
19. Ndizvo here Mwari anoda kuti vanhu vake vaite?
20. Verenga 2 vaKorinte 9:6,7.
21. Tsanangura murawo vekudyara nekukohwa.
22. Sei vazhinji vedu tisingakohwe zvizhinji?
23. Chii chinoreva kupa sezvatakafunga?
24. Mwari anoda kuti tipe, nokurovererwa here? Tsanangura.
25. Mwari anoda mupi akaita sei?
26. Ndiani akati, “Kupa kunomufaro chaiwo kupfuura kugamuchira.
27. MaKritsu mazhinji akamira sei kana tauya panyaya yekupa?

CHIDZIDZO 13

KUSANGANA NAVAMWE MUKEREKE

Chinhu chinorwadza zvikuru, chinoitwa nemaKritsu , kutadza kusangana navamwe muzvimbo dzekunamatira. Munhu angatarisira sei kuva vakatendeka kunaMwari kana asingamuremekedze, asingaungane nedzimwe hama pakunamata. Haangava akatendeka kana achirarama mararamire akadaro.

Vanhu vazhinji vemasekete vanopinda chechi, kamwe kana kaviri pagore, inova kisimusi ka easter, zvose izvi hapana zvinodzidziswa mushoko raMwari. Asi pane vanhu vazhinji varikuzvinyengera pachezvavo ,mukufunga kuti izvi zvinofadza Mwari. Vanombofunga kuti Mwari ndiani here? Tikadzoka mukati mekereke vazhinji, vana vesangano raKritsu havasi kubatana nevamwe mukunamata. Vanopa zvikonzero zvakasiyana siyana. Ringava basa ravanopomera kana kuti, vanogara kure. Nezvimwe zvikonzero zvakasiyana siyana. Asi mubvunzo unoti Mwari anogamuchira here zvikonzero izvi?. vanhu ava vanozviita maKritsu asi vasinganamate Kritsu. Asi tinovaona vachiita zvinhu zvavo, vanoenda kubasa ravo kunyakwe kuri kure, asi kuimba yaMwari vanochema chema.

Vazhinji vacho vasingade kuuya kuchechi vanouya vachitaura izvi: “ Asi ndinoita minyengetero yangu kumba” zvinova zvakanaka kana zvirizvo Mwari anoda. Anotaura pachena kuti vanhu vake vaungane nomusi vekutanga vevhiki. Mukuita izvi vanenge vasingangopi minyengetero bedzi asi; kudzidza bhaibheri, kuimba nziyo, kutora Tafura yaShe, nekupa pavanovana napo. Kune avo vanonamata varivega kudzimba dzavo, vanenge vachipa ani zvipo zvavo? Ko Tafura yaTenzi vanodii? Vanhu ava havana zvakananda zvavanoita kunze kwekungonyengetera bedzi kunaIshe. Kana vachiita zvose zvinodikana zvakanaka. Asi vanhu ava vanoda kudzidziswa kuti kune zvizhinji mukunamata pane kungonyengetera bedzi kunaMwari.

Ichokwadi kuti pane dzimwe nguva dzekuti munhu anotadza kuungana navamwe nokuda kwekurwara kana zvimwe zvinhu zvinomutadzisa kuva pane vamwe mukunamata. Apa munhu haangape ruregerero rekusava nevamwe, nokuti anenga ane zvinonzwisika. Zvakadaro Mwari anogamuchira, asi angamuchire zvisina maturo here?

Zvino ngationei kuti shoko raMwari rinoti kudii panyaya dzekuungana navamwe. Munyori vavaHebheru anot; “Ngatichengete kwazvo kupupura kwetariro yedu, kuti irege kuzununguka; nokuti, iye vakapikira, vakatendeka;ngatirangarirane, timutsane moyo tive nerudo namabasa akanaka, tisarega kuungana kwedu sezvinoita vamwe, asi tirairane zvikuru zvatinoona kuti zuva rosweдера. Nokuti kana tichitadza neboni, kana tambogamuchira zivo yezvokwadi, hakuchine chibairo pamusoro pez-

vivi, asi kungomirira kutongeswa nokutsamwa kunopfuta semoto, kuchapedza vaven-gi” (vaHeberu 10:23-27). zvino ngatitarisei zvinotevera:

1. Tinofanirwa kuva vakatendeka kana tichifambidzana nemunhu akatendeka kwatiri.

2. Tinofanirwa kuramba tichiita mabasa akanaka kana tichishandidzana nemunhu anamabasa akanaka.

3. Tisarega kuungana pamwe chete. Vamwe vaidaro, vamwe varikudaro kunyan-gwe nanhasi asi handizvo Mwari anoda.

4. Tinofanirwa kukurudzirana pachedu, uye kusimbisana kuti tinamate pamwe nevamwe patinoona kuti zuva raswadera, rinova zuva raIshe, zuva rekunamata. Izvi zvinoratidza kuti tirikugadzirira. Tine vhiki rese rekuita izvi vhiki rega rega.

5. Tinofanira kuti kana tikatadza neboni, kana tichinge tadzidza chokwadi, hapachina mubairo vezvivi, asi tinenge tava kungomirira kutongwa nekurashwa. Ndizvo kana tichinge tazviitisa hedu kusaungana nevamwe mukumunamata, kana kusaita izvo akati timuitire, zvino Ishe angatiponesa sei kana tichinge tamuramba. zvakadaro tinorasika kana tichinge taramba tichipikisana naMwari.

Zvose izvi zvinotiratidza kuti , Ishe anotarisisira kuti tiungane nevamwe, mukeereke, zvinova zvakakosha, uye zvinokwadzisa zvakasaitwa nemazvo. Asi sei akatiti tida-ro? Sei tichifanirwa kuungana mukereke? Pane zvinangwa zvizhinji zvatinounganira. Ngatitarisei zvimwe zvacho:

1. Nekuti tinodzidziswa kuita kudaro, nemuravo, uye nemienzaniso. Tazviv-erenga kare kuna vaHeberu 10:25, uko tinorairwa kuti tisarega kuungana kumaker-eke kwedu. Zvino tinoverenga kunaMabasa 2:42, apo tinoona kuti maKritsu akare ainamata sei?, uye munaMabasa 20:7, Pauro nehama dzepaTroas vanosangana no-musi veketanga vevhiki kuti vanamate. Saka tinofanira kuita saizvozvo.

2. Tinosangana kukereke kundonamata Mwari. Kritsu anotiudza muna, Johane 4:23,24 kuti Mwari anotsvaka vanonamata muzvokwadi, kuti Mwari ndiMweya tino-fanira kumunamata muMweya nemuzvokwadi.

3. Mwari anoda kuti tiungane nevamwe muungano dzedu, kuti tikwanise ku-murangarira patinotora tafura yaIshe. Pauro achitaura pamusoro petafura yaIshe, anotaura kuti chingwa chinotorwa kurangarira muviri vaKritsu, uye mukombe un-otorwa kurangarira ropa raKritsu. (1 vaKorinte 11:24-25). tingarangarira sei Mwari nenzira yaanoda kuti timurangarire, kunze kwekunge taungana nomusi vekutanga kwevhiki?

4. Tinoungana kuti tipe zvatiinazvo sekuvaniswa kwatinenge taitwa. Tikadzo-kerera zvakare kuna 1 vaKorinte 16:2, tinonzwa Pauro achitaura kuti tinofanirwa ku-sangana nomusi vekutanga vevhiki, kuti tikwanise kupa nepatakavana napo. Chii

chinoitika nekupa kwedu kana tichinge takundikana kuenda kuchechi? Tinounza musvondo inotevera, hunge kana tichinge takundikana nekurwara kana kuti zvimwe zvinokumbirika pamberi pamwari. Asi kune avo vanenge vakundikana kuungana navamwe, vanenge varasa mukana vekupa. Kana vasingatye kana kushaya nyadzi pamberi paMwari vanoramba vachingorasa mukana nguva nenguva.

5. Mwari akavimbisa kuva nesu, apo patinoungana musvondo dzedu. Terera kuvimbisa kwake: “Nokuti apo pakavungana vaviri kana vatatu muzita rangu, ndiripo pakati pavo” (Mateo 18:20). Izvi bedzi zvinotikurudzira kuti tikwanise kupinda navamwe pose patinonamata nokuti Mwari akavimbisa kuti achange aripo. Unoda kuenda kuchechi kana mutungamiri venyika ariko, kana kuti umwe munhu venzvimbobo yepamusoro here? Asi pano Mwari mbune anoti anenge aripo.

6. Tinofanirwa kuvapo pose panoungana vanhu kuti vanamate, nokuda kwemuenzaniso vatinenge tichipa. Tine mhuri, vadikanwa, shamwari nevanhu varimunharaunda. Varikutitarisa kuti vaone muenzaniso vekutevera, gwara. Tinofanirwa kuziva izvi, tovatungamira kugwara rakanaka. Ruponeso rwavo rwunounzwa nemaitiro ako, kudarika zvaunoono. Pauro anonyora kuvaThesaronika: “Nemi makava vatendi vedu, navaShe, zvakamakagamuchira shoko mumatambudziko mazhinji, nomufaro woMweya Mutsvene; ndizvozvo makatungamira vose vanotenda muMakedonia neAkaya” (2 vaThesaronika 1:6,7). Ngatiitei muenzaniso vakadai, vekuti kana vanhu, vachititevera kararamiro kedu vanenge vachitevera Kritisu? Zvofanira kuita sokudaro. Tinofanirwa kuronga kuti tikwanise kuenda kupinda nevamwe masvondo ose, tichisvika nenguva, tinekuzvininipisa, nekushandira Mwari, nekunamata Mwari nemoyo vose.

7. Tinoenda kuchechi kuti tinamate nekuyanana navamwe, kuti tikure pamweya nekupa. Kana vana vesangano vasingaungane, church ingabatsirei, mukati menharaunda kana guta. Pasina kuungana vana vesangano, havangazivane, zvavanokwanisa, havakwanise kuita huronga hwechechi, havangabatsirane, vavasimbisane nekukurudzirana. Basa hombe rekereke kubatira pamwe, zvichienderana nemavuyiro evanhu kuchechi. Pasina izvozvo kereke inofa. Ndosaka tichiverenga muTestamente Itsva nezvekuungana kwehama, uye kwese kwaienda, Pauro nedzimwe hama vainoungana nesangano rinenge ririko. Tinoudzwa kuti kunyangwe munguva yekutambudzwa kwemaKritisu vana vesangano raKritisu vaisangana. Zvakakosha kwatiri nhasi kuti tipote tichsangana nguva nenguva kuti tinamate Mwari nekuita basa rake.

Saka pane zvikonzero zvinoita kuti tisangane nevamwe kuchechi. Asi kuungana kwedu hakufanirwe kuita kwevanhu vanouya kamwe pamwedzi, kana apo neapo, asi kuti tinofanirwa kuenda kuchechi vhiki roga roga, kana pese panoungana vamwe kuchechi. Magwaro anoti, “Ngatisarega kuungana kwedu” izvi zvinosanganisira dzose

ungano dzatinokwanisa kuenda. Mwari ngaatibatsire kuisa hupenyu hwedu zviku-
ru pakumunamata, kuti tive vakavimbika pakuungana navamwe mumasangano edu.
Kana takatendeka kwaari mukuungana navamwe tinokwanisa kutendeka zvachose
mukumunamata.

MIBVUNZO

1. Chii chimwe chechinhu chinotsamwisa chinoitwa nemukritsu?
2. MuKritsu angava akatendeka here asingaende kuchechi?
3. Ndeapi mazuva ayo vanhu vazhinji vemasekete vanoenda kundonamata?
4. Ipa zvikonzero zvinopihwa nemaKritsu, zvinovatadzisa kuenda kuchechi?
5. Zvinoita here kuti muKritsu anamatire kumba, asinganosangana navamwe
kuchechi?
6. MuKritsu chaiye angaita izvi here?
7. Ndepapi muKritsu anokwanisa kusaungana navamwe?
8. Verenga vaHebheru 10:23-25.
9. Sei tichifanira kuva vakatendeka kuna Ishe?
10. Zvimorevei kurega kuungana navamwe?
11. MaKritsu anorangaridzana sei zuva rekunamata?
12. Chii chainzi zuva rasvedera muna vaHebheru 10:25?
13. Chii chinoitika kune vanotadza noboni?
14. Ipa chinangwa chekuenda kuchechi.
15. Ipa muenzaniso miviri yemaKritsu ekara aisangana achinamata.
16. Chii chinova chinangwa chekuungana tichinamata?
17. Tinorangarira here Kritsu anoraira kutii kana tichinge takundikana kuenda
kuchechi?
18. Tinodii nezvipo zvedu, kana tichinge takundikana kubatana nevamwe?
19. Ndiani akavimbisa kuva nesu apo patinoungana tichinamata?
20. Mwari anova nesu riini?
21. Ipa kukosha kwekurarama hupenyu hunemienzaniso mukunamata.
22. Chii chinoenderana nekuungana kweadu?